**WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI**

Fakultet dekani’

_____ f.i.k.Turdi’baev Q.

«___» ________ 2011 жыл

5320100 Jurnalistika bakalavr bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi

**Tilewmuratova Umitaydi’n’**

**G’A’REZSİZLİK DA’WİRİ QARAQALPAQSTAN GAZETALARI’NDAG’I’ NEOLOGİZM SO’ZLER**

temasi’ndag’i’

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**JAQLAWG’A RUXSAT YETİLDİ:**

Jurnalistika kafedrasi’ni’n’

basli’g’i’: ______________ T.i.k. Bekbauliev D.

İlimiy basshi’: _ _____________ f.i.k. Worazi’mbetova Z. Q.

No’kis – 2011 ji’l

MA’MLEKETLIK ATTESTACIYA KOMISSIYASI’NI’N’
QARARI’:

5320100 Jurnalistika bakalavr bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi

**Tilewmuratova Umitaydi’n’**

**G’A’REZSİZLİK DA’WİRİ QARAQALPAQSTAN GAZETALARI’NDAG’I’ NEOLOGİZM SO’ZLER**

temasi’ndag’i’

temasi’ndag’i’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na «___» ball qoyi’lsi’n

MAK basli’g’i’: ___________

MAK ag’zalari’: ___________

___________

___________

___________

# M A Z M U N I :

**KİRİSİW**

**I BAP  Neologizim so'zlerdin' tildegi a'h'miyeti**

**II BAP Bilimlendiriw tarawi'na tiyisli neologizmler**

**III BAP Ekonomika tarawi'ndag'i' neologizimler**

**IV BAP Gazeta reklamalari'ndag'i' neologizmler**

**JUWMAQLAW**

**A'DEBİYATLAR DİZİMİ**

# KİRİSİW

Ha’zirgi ilimiy-texikali’q progress da’wirinde qaraqalpaq tili ko’p g’ana internacionalli’q terminlerdi, tu’rli tarawlarg’a tiyisli neologizmlerdi qabi’l yetiwi menen toli’si’p, bayi’p barmaqta. Ma’selenin’ unamli’ ta’repi sonda, tilimizdin’ so’zlik qatlami’ taza so’zler arqali’ a’dewir ken’eyedi h’a’m rawajlanadi’.

Tildin’ rawajlani’wi’ birinshi gezekte gazeta tili arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Sebebi, wonda barli’q tarawlarg’a tiyisli terminler, ka’siplik so’zler menen yendi tilimizge kirip ati’rg’an neologizmler turaqli’ tu’rde wori’n aladi’. Biraq, tildi taza saqlaw, woni’n’ shubarlani’wi’na jol qoymaw ma’selesi tek tilshi-ilimpazlarg’a g’ana tiyisli ma’sele yemes. Bul uli’wma ja’miyetlik ma’sele boli’p sanaladi’. A’sirese, bul ma’selege jurnalister ko’birek at sali’si’wi’ kerek. Sebebi, g’alaba xabar qurallari’ bolg’an radio, televidenie h’a’m ku’ndelikli baspaso’z de milliy tilimizdin’ aynasi’, tiykarg’i’ ko’rinisi boli’p yesaplanadi’.

Belgili wo’zbek ali’mi’ O.Sharafiddinov bi’lay dep jazg’an yedi: *«Jol h’a’reketin qadag’alap h’a’m basqari’p turatug’i’n jol h’a’reketi qa’wipsizligi mekemesi bar, biraq ana tili qag’i’ydalari’ni’n’ wori’nlani’wi’n toli’q qadag’alap baratug’i’n ma’mleketlik til baqlawshi’si’ joq. Til ma’selesindegi wo’z bildilikke h’a’m ta’rtip buzarli’qqa jol qoyg’anlardi’ juwapkershilikke tarti’w ji’nayat kodeksinde na’zerde tuti’lmag’an. Soni’n’ ushi’n da til bayli’g’i’mi’zdi’ asi’raw, woni’n’ ni’zam-qag’i’ydalari’na qatan’ a’mel qi’li’wdi’ baqlaw, tilimizdin’ ken’ imkaniyatlari’n ju’zege*

*shi’g’ari’w - g’alaba xabar qurallari’ni’n’ moyni’na ju’klengen u’lken juwapkershilik boli’p yesaplanadi’»*[1].

Əlbette, til - bul millet ko’rki, woni’n’ tazali’g’i’na itibar beriw, rawajlani’wi’na u’les qosi’w tiykarg’i’ wazi’ypa bolsa, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ tili milliy tilimizdin’ aynasi’ yesaplanadi’. Wol a’debiy tildin’ qurami’nda payda boli’p h’a’m xi’zmet yetip qoymastan, wog’an wo’zinin’ ta’sirin tiygizip woti’radi’. Ana tilinin’ ken’ mu’mkinshiliklerinen wori’nli’ h’a’m wo’nimli paydalani’p, woni’n’ ja’ne de jetilisiwine, ken’eyiwine, rawajlani’wi’na u’les qosi’w h’a’r bir da’wirdin’ talabi’. Sebebi, g’alaba xabar qurallari’nda qollani’lg’an h’a’r qanday jan’a ma’nidegi so’z, so’z dizbekleri, terminler, atamalar ko’p uzamay a’debiy tilimizge sin’isip ketedi. Sonli’qtan da, bunda so’zlerdin’ tazali’g’i’na, wo’z ma’nisine sa’ykes qollani’wi’na u’lken itibar qarati’w lazi’m.

Ha’zirgi texnikali’q progresstin’ rawajlani’w bari’si’nda, ja’miyettin’ siyasiy, ekonomikali’q h’a’m ma’deniy jaqtan jetilisiwinin’ arqasi’nda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ja’miyetlik turmi’si’mi’zdag’i’ worni’ bir qansha arti’p, wol arqali’ tilimizge jan’a tu’sinikler, jan’a terminler, neologizm so’zler kirip kelmekte. Wolar ja’miyetlik-ideologiyali’q, ruwxi’y-ma’deniy ko’z-qaraslardi’ sa’wlelendiriwde wo’nimli qollani’lmaqta.

A’lbette, g’alaba xabar qurallari’ wo’tken waqi’ya h’a’m h’a’diyselerdi tu’rli janrlarda xabarlap, wolardi’ ani’q faktler tiykari’nda su’wretleydi. Usi’ arqali’ wol ja’miyetlik baylani’s, uli’wma xali’qli’q xabar h’a’m ma’deniy xi’zmet wazi’ypasi’n

---

[1] *Шарафиддинов О.* Она-тилим-ифтихорим, инжа ганжинам. //Ўзбекистон овози. 11-декабрь 2003.

atqaradi'. G'alaba xabar qurallari'ni'n' ja'miyetlik, ma'deniy baylani'slari' bolsa, yen' da'slep a'debiy til arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Sonli'qtan da, tildin' funkcionalli'q stillerinen, tillik birliklerden, til qurallari'nan paydalani'wda jurnalistlerden u'lken qi'rag'i'li'q talap yetiledi. Sebebi, a'debiy tilimizde boli'p wo'tetug'i'n tiykarg'i' processler: jetilisiw, ken'eyiw, rawajlani'w, ba'rinen buri'n ja'miyetlik ayna yesaplang'an g'alaba xabar qurallari'na tikkeley baylani'sli' boladi'.

Biz, pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'zda gazetalardi'n' tillik ta'repine, yag'i'ni'y gazetalar arqali' tilimizge kirip kelip ati'rg'an jan'a so'zler bolg'an neologizmlerge toqtali'p wo'tpekshimiz.

Neologizm so'zlerdi tarawlar boyi'nsha aji'rati'p u'yreniw, bizin'she, maqsetke muwapi'q keledi. Sonli'qtan da, jumi'si'mi'zdi'n' tiykargi' baplari'n «Bilimlendiriw tarawi'na tiyisli neologizmler» h'a'm «Ekonomika tarawi'ndag'i' neologizimler» dep atadi'q. Bulay tiykarg'i' usi' tarawg'a toqtawi'mi'zdi'n' sebebi, h'a'zirgi waqi'tta tilimizge kirip ati'rg'an neologizmlerdin' ko'pshiligi, mine, usi' yeki tarawg'a tiyisli.

**Temani'n' aktualli'g'i'**. Jumi'si'mi'zdi'n' temasi'na sa'ykes ilimiy izertlewler wo'zbek, wori's h'a'm qazaq til bilimi menen jurnalistikasi'nda ali'p bari'lg'an bolsa da, qaraqalpaq til biliminde usi' tarawg'a tiyisli izertlewler ju'rgizilmedi. Sonli'qtan da, bizin' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z usi' tarawdag'i' da'slepki miynetlerden sanaladi'.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'mi'z quri'li'si'** boyi'nsha kirisiw, u'sh bap, juwmaq h'a'm paydlani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

Kirisiw bo’liminde tan’lag’an temami’zg’a qi’sqasha tu’sinik, woni’n’ aktualli’g’i’, a’h’miyeti h’a’m izetleniw da’rejesine toqtali’p wo’tsek, jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ bo’limlerinde obyekt yetip ali’ng’an temami’zdi’ jari’ti’p beriwge h’a’reket yetemiz.

Jumi’si’mi’zdi’n’ uli’wma ko’lemi 56 bet.

# I BAP
# NEOLOGİZM SO'ZLERDİN' GAZETA TİLİNDEGİ A'H'MİYETİ

Neologizimler - tildin' barli'q sistemali'q talaplari'na juwap beretug'i'n, anaw yamasa mi'naw da'rejede ni'zamlasti'ri'lg'an, ko'pshilik tu'rleri so'zliklerde ko'rsetip berilgen, jan'a tu'siniklerdi bildiretug'i'n til birlikleri sanaladi'[1]. Neologizm termini menen u'yreniplip ati'rg'an tildin' leksikali'q qatlami'ndag'i' jan'ali'qlar, jazi'wshi'lar, shayi'rlar h'a'm jurnalistlerdin' individual so'z qollani'wlari', bir qatar milletlerdin' til tarawlari'nda arnawli' izertlengen[2].

Qaraqalpaq tilindegi til bilimi tarawi'na tiyisli a'debiyatlarg'a su'yenetug'i'n bolsa, wolarda neologizimge to'mendegishe ani'qlama beriledi:

*«Turmi'stag'i' boli'p ati'rg'an jan'ali'qlarg'a, qubi'li'slarg'a, wolardi'n' h'a'r tu'rli belgilerine baylani'sli' tazadan do'relip ati'rg'an tu'siniklerdi bildiretug'i'n so'zlerge neologizm delinedi».* Mi'sali': *isbilermen, woylap tabi'wshi', sapa belgisi, debyutant, wo'ndirislik basqarma, mektep-internat, jer joldasi', ayi'qti'rg'i'sh* h'a'm t.b[3].

Neologizmler h'a'mmege birdey tu'sinikli boli'p jiyi qollani'li'p ketpegenshe kem qollani'latug'i'n so'zler topari'nda qaladi'. Al,

---

[1] *Маматов А.Э.* Ҳозирги замон ўзбек адабий тилида лексик ва фразелогик норма муаммолари. Филол.ф.н… диссертацияси. 1991. Б 208.

[2] Караң: Вакуров В.Н., Кохтев Н.Н., Солганик. Стилистика газетных жанров. –М.: 1978., Костомаров В.Г. Русский язык на газетной полосе. –М.: МГУ. 1971., Кохтев Н.Н. Стилистические использование фразеологических средств в языке газеты. –М.: 1980.

[3] *Насыров Д., Қайырбаев Ж., Доспанов О.* Қарақалпақ тили. Нөкис., «Билим» 1996., Б 78.

wolardi'n' bir topari' h'a'mmege birdey tu'sinikli boli'p, uli'wma qollani'wshi' so'zlerdin' qatari'nda jiyi-jiyi jumsalsa, wonda wol neologizm boli'wdan qaladi' da, tiykarg'i' so'zlik qordi'n' qatari'ndag'i' so'zlerdin' topari'na yenip, belsendi so'zlerge aylani'p ketedi. Mi'sali': *ushqi'sh, wo'ndiris* degen so'zler wo'z waqti'nda neologizm si'pati'nda qaralg'an bolsa, h'a'zirgi waqi'tta uli'wma ken' qollani'wshi' so'zlerdin' qatari'nda jiyi jumsaladi' h'a'm jan'a so'z boli'p yesaplanbaydi'.

Qaraqalpaq tilinde neologizm so'zler to'mendegi usi'llar arqali' do'reledi.

**1. Semantikali'q usi'l**. Tilde buri'nnan kiyati'rg'an so'zlerdin' ma'nilerinin' u'stine jan'a ma'ni qosi'w h'a'm ma'nilerinin' awi'si'wi' arqa'li' jan'a so'zler jasaladi'. Mi'sali': *ag'za, jari's, u'ndew, tuwi'sqan, joldas, ayli'q* degen so'zler buri'nnan qaraqalpaq tilinde bar so'zler. Al, keyinirek wolarg'a jan'adan ma'ni qosi'ldi'. Ma'selen, ***ag'za*** so'zi aldi'n adamni'n' belgili bir dene mu'shesin g'ana an'lati'p kelgen bolsa, keyinirek bir sho'lkemnin', organni'n' h'a'm t.b. ten' h'uqi'q adami' degen ma'nide jumsalatug'i'n boldi'. ***Jari's*** so'zi buri'n at jari'sti'ri'wdi', adamlardi'n' piyada jari'si'wlari'n bildirip kelgen bolsa, keyinirek, wog'an jan'a ma'ni qosi'ldi'. ***U'ndew*** so'zi de buri'n tek ses shi'g'ari'w ma'nisinde jumsalg'an bolsa, keyinirek wog'an jan'a ma'ni qosi'li'p, basqasha tu'sinikti an'latatug'i'n boldi'. ***Tuwi'sqan, ayli'q, joldas*** so'zlerinin' de jag'dayi' usi'nday boldi'. A'sirese, bulardi'n' tilimzge worni'gi'wi'nda baspaso'z materiallari'ni'n' ta'siri ku'shli boldi'.

**2. Grammatikali'q usi'l**. Bul yeki tu'rli: qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' h'a'm so'zlerdin' birigiwi ja'ne dizbeklesiwi arqali' jasaladi'.

a) qosi'mta qosi'w usi'li'nda tu'bir so'zlerge qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' arqali' neologizmler jasaladi'. Mi'sali': *tilshi, xabarshi', baslama, ko'rsetpe, awdarma, i'g'alli', yesapshi', guwali'q, yertelik* h'a'm t.b. si'yaqli' so'zler tilimizge qosi'mtalardi'n' jalg'ani'wi' menen jasali'p, neologizm so'z si'pati'nda kirip keldi. Wolardi'n' jasali'wi'nda *-shi'\-shi, -ma\-me, -li'\-li'q* qosi'mtalari' xi'zmet atqardi'.

b) so'zlerdin' birigiwi h'a'm dizbeklesiwi usi'li'nda so'zler wo'z-ara birigip yamasa dizbeklesiwi arqa'li' neologizmler payda boladi'. Mi'sali': *baspaso'z, shegara, tilxat, jolbasshi', jurtbasshi', muzjarg'i'sh* h'a'm t.b. si'yaqli'. Bular birigiw arqa'li' do'relgen so'z. Wo'z da'wiri ushi'n neologizm bolg'an bolsa da, bu'gingi ku'nde neologizm so'zler qatari'nan shi'g'i'p qaldi'. Biraq, usi' usi'l arqali' tilimizge basqada neologizmler kirip kelmekte. Ma'selen: *infrastruktura, interaktiv,vidiorolik* h'a'm t.b.

**3. So'zlerdin' awi'si'w usi'li'**. Qaraqalpaq tiline basqa tillerden ko'plegen so'zler wo'z qa'lpinde kelip kirdi. Wolar basqa tillerden kirgen jan'a so'zler. Mi'sali': *docent, etyud, kometika, orbita, kosmos* h'a'm t.b. Bul usi'l tilimizde yele de jedellik penen xi'zmet yetip, tilimizdin' leksikali'q qatlami'ni'n' ken'eyip, bayi'p barawi'na u'lken u'lesin qospaqta. A'sirese, wol arqali' bilimlendiriw, pedagogika tarawi'na tiyisli, mi'sali': *innovaciya, reytin, motiv, texnologiya, interaktiv, rolik, konfrontaciya, trening* h'a'm t.b. si'yaqli', ekonomika

tarawi'na tiyisli, mi'sali': e*konomiya, fond, doxod, potencial, dinamizm, rezerv, sektor, arenda, assotsaciya, birja, kredit, infrastuktura* h'a'm t.b. si'yaqli' jan'a so'zler tilimizge kirip kelmekte.

Keyingi ji'llarda ja'miyetlik-siyasiy h'a'm ma'deniy wo'zgerislerge baylani'sli' tilimizge janadan-jan'a so'zler, terminler kirip kelmekte. Bunday so'zler g'alaba xabar qurallari'nda, soni'n' ishinde, birinshi na'wbette, gazetalarda wo'z ko'rinisin tappaqta. Wolar arasi'nda tu'rli tarawlarg'a tiyisli, tu'rli waqi'yalardi' sa'wlelendiriwge xi'zmet qi'li'wshi' neologizmler, sonday-aq, neologizm xarakterindegi ibaralar h'a'm frazeologiyali'q so'z dizbekleri wori'n alg'an. Ma'selen, *tubalawshi'li'q ji'llari'n artqa taslaw, qayta quri'w na'pesi menen jasaw, pa'kleniw samali' yesiw* h'a'm t.b. Soni' da ayri'qsha atap wo'tiwimiz kerek, ayri'm bunday til birlikleri tek bir ma'rtebe qollani'p, keyin qollani'wdan shi'g'i'p qali'p ati'rg'anlari'n da ushi'rati'w mu'mkin. Al, ayri'mlari'ni'n' variantlari' payda bolmaqta.

XX a'sirdin' 80-ji'llari'nda gazetalarda ko'plegen taza ibaralar, til birlikleri h'a'm so'z dizbekleri payda boldi'. Wolar gazeta tilindegi bayanlani'p ati'rg'an waqi'yalardi', jag'daylardi', qubi'li'slardi' h'a'm sa'wlelenip ati'rg'an ko'rinisti ta'sirli beriw ushi'n, ekspressivlik xi'zmetin atqarg'an desek boladi'. Ma'selen: *«Biraq, tilekke qarsi' bul avtoka'rxanada talapti' toli'q qanaatlandi'ri'wg'a shi'n i'qlas, umti'li's, h'a'reket, bu'gingi qayta quri'w na'pesi wonshama sezilmeydi»* («EQ.» 12.04.1986). Mine, bul ibara sol da'wirdegi ja'miyettegi wo'zgerislerdi wo'zinde toli'q sa'wlelendirgen boli'p, biraq, sol da'wir wo'tkennen keyin gazetada qollani'wdan tu'sip qaldi'.

Keyinirek, woni’n’ worni’na basqasha, ma’selen, *jumi’slardi’ jetilistiriw, janlandi’ri’w* yamasa *buri’li’s jasaw* si’yaqli’ variantlari’ payda boldi’. Mi’sali’: «*…bunday jag’dayda minnetlemeni de, plandi’ wori’nlaw mu’mkin yemes, jumi’sta jan’asha buri’li’s jasaw talap yetiledi*» («EQ.» 21.09. 1988).

A’lbette, baspaso’z tili a’debiy tildi belgilewshi u’lken derek boli’p yesaplanadi’. Sebebi, gazeta tilinde a’debiy tildin’ orfoepiyali’q, orfografiyali’q, leksikali’q, grammatikali’q h’a’m stilistikali’q normalari’ wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Gazeta materiallari’ stilistikali’q, grammatikali’q h’a’m waqi’yani’ bayanlawi’ ta’repinen bir-birinen aji’rali’p turadi’. Biraq, wolardi’n’ h’a’r birinde jan’a so’zler, neologizmler qollani’wi’ mu’mkin. Bul jag’day gazeta tilinin’ quramali’li’g’i’n payda yetedi, gezeta tilinde geterogenlik[1] belgini payda yetedi. Yeger baspaso’z betlerinde balletristikali’q material berilse, emocionalli’q, ekspressivlik h’a’m obrazli’li’q ja’ne de artadi’, bul jag’day da gazeta tilin si’patlawshi’ belgilerden biri yesaplanadi’[2].

G’a’rezsiz yelimizde baspaso’z xali’q sanasi’na ta’sir yetiwshi, xali’qti’ milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ruwxi’nda ta’rbiyalawshi’, xali’q penen baylani’sti’ri’wshi’ sho’lkem, wolardi’ birlestiriwshi yen’ wo’tkir qural dep qaraladi’. Soni’n’ ushi’n da, baspaso’z tili a’piwayi’, ani’q, tu’sinikli boli’p, h’a’r qanday jag’dayda da ba’lent-pa’rwaz ga’plerden bari’nsha awlaq boli’wi’ kerek. A’sirese, jan’a so’zlerdi, terminlerdi, nologizmlerdi qollang’anda jurnalist bari’nsha qi’rag’i’ boli’wi’, tilden wo’z bildiliginshe paydalana bermewi kerek. Sebebi, til - bul xali’qti’n’ milliy qa’diriyatlari’, ruwxi’y du’nyasi’, h’a’tteki

---

[1] *Гетероген*-ҳәр түрлилик дегенди аңлатады. Қараңыз:Словарь иностранных слов. М.,954.-169Б.

[2] *Солганик Г.Я.* О языке газеты. М., 1968.

ideologiyasi'ni'n' bir bo'limi sanaladi', ol adamlar arasi'nda tek qari'm-qatnas qurali' g'ana yemes, al, soni'n' menen birge adamzatti' ta'rbiyalawdi'n' da a'h'miyetli qurali' boli'p yesaplanadi'. Woni'n' ta'kirarlanbas imkaniyatlari'n ju'zege shi'g'ari'w, rawajlandi'ri'w, bayi'ti'p h'a'm jetilistirip bari'w ushi'n millettin' h'a'r bir perzenti juwapkerli h'a'm woni'n' keleshegi ushi'n h'esh kim biyparq bolmawi' kerek.

Qaraqalpaq tili qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy a'debiy tili boli'p qalmay, xalqi'mi'zdi'n' joqari' ruwxi'yli'q h'a'm ma'deniyati'n asi'ri'w, jetiskenliklerimiz h'aqqi'nda maqtani'sh yetiw, wo'zligimizdi an'law ushi'n tiykarg'i' qural yeken, demek, wog'an h'a'r dayi'm g'amxorli'q yetip, itibar beriw tiykarg'i' wazi'ypami'z. A'debiy tilge bolg'an itibar, woni'n' abi'royi'n ko'teriw wazi'ypasi' bolsa, woni'n' qag'i'ydalari'na, yag'ni'y a'debiy tilden paydalani'wdi'n' normalari'n qatan' saqlaw menen belgilenedi. Qaraqalpaq a'debiy tilinin' ma'mleketlik til si'pati'ndag'i' worni'n ta'miyinlew - ja'miyetlik-siyasiy, ruwxi'y-ma'deniy, ekonomikali'q turmi'si'mi'zdag'i' rolin asi'ri'w, ta'lim-ta'rbiya, is ju'rgiziw, baspa isleri, g'alaba xabar qurallari'nda joqari' ma'deniyatli'li'q penen paydalani'w, so'z bayli'g'i' h'a'm tildin' grammatikali'q quri'li'si'ndag'i' wo'zgerislerdi qali's bah'alap, tildin' rawajlani'wi' ushi'n sanali' qatnas jasawdi' a'melge asi'ri'w wazi'ypalari' menen tikkeley baylani'sli'.

G'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq, qaraqalpaq tiline ma'mleketlik til biyligi da'rejesinin' beriliwi biykardan-biykarg'a bolg'an waqi'ya yemes. Sonday-aq, bul ma'zi ra'smiy xu'jjette yemes, kerisinshe, usi' millet wa'killerine, ana tilimizge bolg'an sheksiz

h’u’rmet-itibardi’n’ bir u’lgisi dep qarawi’mi’z kerek. Usi’ni’n’ na’tiyjesinde qaraqalpaq tiline di’qqat qarati’li’p, ja’miyetlik-siyasiy, ekonomikali’q, ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q h’a’m basqa da tarawlarda ma’mleketlik til a’melde qollani’la basladi’. Woni’n’ bay mu’minshiliklerinen wori’nli’ h’a’m duri’s paydalani’w ushi’n jazi’wshi’lar, shayi’rlar, ali’mlar, woqi’ti’wshi’lar at sali’si’p, a’sirese, jurnalistlerdin’ ku’shli h’a’reketi seziledi. Soni’n’ na’tiyjesinde baspaso’zde, radioda, televideniede qaraqalpaq a’debiy tilinin’ wo’zine ta’nligi, so’z qollani’wda, grammatikali’q formalardan paydalani’wda, jan’a so’z (neologizim so’zler) h’a’m terminlerdi qollani’wda h’a’r qi’yli’ pikirler ayti’ldi’. Wolar arasi’nda baspaso’z tiline ayri’qsha itibar qarati’ldi’. Sebebi, baspaso’z - bul millettin’ jarshi’si’, ruwxi’yli’q h’a’m ag’arti’wshi’li’q aynasi’, a’h’miyetli ta’rbiya qurali’ yesaplanadi’. Baspaso’z usi’ wazi’ypalardi’ atqari’wda qaraqalpaq tilinin’ wo’z imkaniyatlari’n ju’zege shi’g’ari’w, woni’n’ keleshektegi worni’n belgilew, a’debiy tildin’ ni’zam - qag’i’ydalari’n saqlaw, xali’qti’n’ sawatli’li’g’i’n, so’ylew h’a’m jazi’w ma’deniyati’n jetilistiriwde u’lken a’hmiyetke iye. Qaraqalpaq a’debiy tilinde boli’p ati’rg’an jag’daylardi’ baqlap bari’w, tali’qlaw, bah’alaw h’a’m tiyisli juwmaqlar shi’g’ari’w, naduri’s bag’darlardan qaytari’w yamasa wolardi’ du’zetiw ma’selesinde baspaso’z u’lken wazi’ypani’ atqaradi’.

Qaraqalpaq a’debiy tili jazi’wda, so’ylewde wo’zinin’ qatan’ ni’zam-qag’i’ydalari’na, yag’ni’y a’debiy til normalari’na iye. A’debiy til normalari’na qatan’ a’mel qi’li’w ana tilimizge, woni’n’ iyeleri bolg’an qaraqalpaq xalqi’na, kindik qani’mi’z tamg’an Qaraqalpaqstang’a bolg’an h’u’rmetimizdin’ bir belgisi. A’sirese,

a’debiy til qag’i’ydalari’na itibar qarati’w baspaso’z xi’zmetkerlerine, jurnalistlerge u’lken juwapkershilik ju’kleydi. Sebebi, baspaso’z tili - qaraqalpaq tilinin’, til ma’deniyati’ni’n’ aynasi’ yesaplanadi’. A’debiy tildin’ qag’i’ydalari’n duri’s wo’zlestiriw h’a’m de wog’an a’mel qi’li’wdi’ ta’miyinlew bari’si’nda ta’lim - ta’rbiya wori’nlari’, baspaso’z, baspa isleri, radio - televidenie a’h’miyetli wazi’ypani’ atqaradi’. A’debiy tildi woqi’ti’w, woni’n’ qag’i’ydalari’na mas jazi’w, a’debiy tilde so’ylewde a’sirese, baspaso’zdin’ ta’siri ku’shli. Baspaso’z jazba derek si’pati’nda a’debiy til qag’i’ydalari’n wo’zlestiriwde u’lgi wazi’ypasi’n atqaradi’. Sonli’qtan da, baspaso’z tili h’a’mme u’lgi alatug’i’n til si’pati’nda qarali’p, ja’miyet ag’zalari’ baspaso’zge qarap wo’z jazi’wi’n h’a’m so’ylewin qa’liplestirip baradi’.

G’a’rezsizliktin’ da’slepki ku’nlerinen baslap-aq, baspaso’zde jazi’w ko’rinisi tu’pten wo’zgertilip, til ma’deniyati’ni’n’ arti’p barg’ani’n gu’zetiwimiz mu’mkin. Baspaso’z materiallari’ni’n’ mazmuni’ *g’a’rezsizlik, azatli’q, yerkinlik, do’retiwshilik, tariyxi’y, milliy, diniy qa’diriyatlarg’a h’u’rmet, keleshekke isenim ideyalari’* menen bayi’ti’ldi’. Jurnalistlerdin’ yerkin do’retiwshilik penen qa’lem terbetiwine imkaniyatlar jarati’ldi’. Jurnalistlerdin’ h’uqi’qlari’n kepillewshi bir qatar ni’zamlardi’n’ qabi’l yetiliwi, wolardi’n’ do’retiwshiligine, belsendiligine na’tiyjeli ta’sir jasadi’. Wolardi’n’ ana tilinen paydalani’wi’nda biraz bolsa da janli’ do’retiwshilik h’a’reket ko’zge taslanadi’. A’sirese, buri’n wonshama qollani’la bermeytug’i’n naqi’l-maqallardi’ wori’nli’ h’a’m wo’nimli qollani’w, tu’rli su’wretlew qurallari’nan paydalani’w, ko’rkem til menen so’ylew tili

birliklerin uyg’i’nlasti’ri’p jazi’w ta’sirli h’a’m janli’ su’wretlewdi qa’liplestirip bardi’. XXI a’sirge kelip qaraqalpaq baspaso’zinde jazi’w ma’deniyati’ndag’i’ wo’zgerislerdi qi’sqasha to’mendegilerde ko’riwimiz mu’mkin:

1. Gazeta janrlari’na ta’n jazi’w stili qa’liplesti. Ma’selen maqala, yesabat, reportaj, su’wretleme, xabar janrlari’ wo’z ko’rinislerine h’a’m stiline iye boldi’. Ha’r bir gazeta materiali’ni’n’ wo’zine ta’nligin, mazmuni’n birinshi qarawdan sa’wlelendiretug’i’n temalardi’ qollani’wda u’lken wo’zgerisler boli’p, maqalani’n’ mazmuni’n ashi’wda til birliklerinen puxtali’q penen paydalani’w h’a’reketi baslandi’.

2. Gazetada naqi’l-maqallardan, frazeologizm so’zlerden, neologizmlerden, ibara h’a’m su’wretlew qurallari’ni’nan wo’nimli h’a’m wori’nli’ paydalani’w ku’sheydi. Tekstlerdin’ janli’li’g’i’, ko’rkemligi, ta’sirshen’ligi bir qansha arti’p bardi’.

3. Gazetada turmi’s mashqalalari’n sa’welendiriwshi h’a’m wolardi’n’ sheshimin ko’rsetiwshi, gazeta woqi’wshi’si’n pikir ju’ritiwge, woylani’wg’a, juwmaq jasawg’a u’yretiwshi materiallarg’a ko’plep wori’n aji’rati’ldi’ h’a’m sog’an mas til qurallari’nan paydalani’wg’a itibar qarati’ldi’. Gazetada buri’n ushi’rasatug’i’n buyri’q, shaqi’ri’q, ba’lentpa’rwaz so’zlerdin’ worni’n gazeta woqi’wshi’si’ menen janli’ baylani’s iyeledi. Buni’n’ ushi’n a’piwayi’, ani’q so’zlerden, a’sirese, pikirlewge u’yretiwshi soraw mazmuni’ndag’i’ ga’plerden paydalani’w jolg’a qoyi’ldi’.

4. Baspaso’zde ga’p quri’li’si’nda i’qshamli’li’q, a’piwayi’li’q, awi’zeki so’ylew tili menen ko’rkem til arasi’nda jaqi’nli’q

wornati'ldi'. Uzi'nnan uzaq qospa ga'plerdi paydalani'w kemeytildi, wolardi'n' worni'n a'piwayi' mazmunli' ga'pler iyeley basladi'.

5. Qaraqalpaq tilinin' qag'i'ydalari'na sa'ykes keletug'i'n tekstler gazetadan wori'n ala basladi'. Bul wo'z gezeginde g'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nda uli'wma bilim beriw mekteplerindegi ana tili sabaqlari'nda gazeta tekstlerinen jazba derek si'pati'nda paydalani'w imkaniyati'n berdi. Buni'n' menen baspaso'z wo'zinin' ja'ne bir tiykarg'i' wazi'ypasi'n-bilimlilik h'a'm joqari' da'rejedegi so'ylew h'a'm jazi'w ma'deniyati'n jetilistiriw wazi'ypasi'n toli'q wo'tey basladi'.

Turmi's rawajlani'w h'a'm wo'zgerislerden ibarat. Bu'gingi baspaso'z tilinde joqari'dag'i' jetiskenlikler menen bir qatarda tilden paydalani'wdag'i' ayi'ri'm kemshilikler mashqala si'pati'nda tu's almaqta. Wolardan orfografiyali'q, punktuaciyali'q h'a'm grammatikali'q qa'teler, imla qag'i'ydalari'ni'n' buzi'li'wi', sonday-aq, stilistikali'q kemshilikler baspaso'z tilinde ushi'rasi'p turadi'. A'sirese, rayonli'q, tarawli'q gazetalarda, ayi'ri'm respublikali'q gazetalarda da jazi'w ma'deniyati'ni'n' pa'seyiwi, sawatli'li'q, duri's jazi'w h'a'm duri's so'ylew ma'deniyati'na keri ta'sir jasawshi' jag'daylar - tilden paydalani'wda, a'sirese, tilimizge kirip kelip ati'rg'an taza so'zlerdi paydalani'wda u'lken kemshiliklerdi payda yetpekte. Wolardi'n' ayri'mlari'na toqtali'p wo'tsek:

1) Qaraqalpaq tiline ma'mleketlik til biyligi beriliwi h'aqqi'ndag'i' ni'zam joybari'ni'n' dodalani'wi' da'wirinde baslang'an da'slepki h'a'reket wori'ssha-internatsional so'zlerdi tu'rkiy, qaraqalpaqsha yaki bolmasa parsi'sha-arabsha so'zler menen

almasti’ri’w wazi’ypasi’ boldi’. Soni’n’ na’tiyjesinde tilimizge, baspaso’z tiline xali’qqa buri’n tani’s yemes ko’plegen so’z h’a’m terminler kirip kele basladi’. Mi’sali’: *avtonom respublikani’ - muxtar jumh’iriyat, poyezd - wotarba* dep ali’w sol da’wirlerdin’ wo’zinde ko’pshilik ta’repinen naduri’s yekenligi tu’sindirildi. Na’tiyjede wolardi’n’ jumsali’wi’ uzaq dawam yetpedi. Jan’a so’z h’a’m terminlerdi do’retiw menen baylani’sli’ bolg’an jag’daylar yele de dawam yetpekte. Soni’n’ na’tiyjesinde gazetada so’z h’a’m terminlerdi qollani’wda h’a’r qi’yli’li’q ushi’rasadi’. Geypara so’zler variant si’pati’nda qollani’lmaqta: *rabochiy-isshi, traktorist-taraktorshi’, sekretar-xatker, programma-da’stu’r-bag’darlama, proekt-joybar* h’a’m t.b. Mi’sali’: *Da’slep kolxozda rabochiy, son’ traktarist, keyin 19 ji’l dawami’nda brigadir boli’p xi’zmet isledi* («EQ.», 05.04.2000.).

2. So’z qollani’wda arti’qshali’q, ta’kirar qollani’w jag’daylari’ ushi’raspaqta. Bul teksttin’ mazmuni’na h’a’m ta’sirshen’ligine tikkeley keri ta’sir ko’rsetedi. Mi’sali’: *Woqi’w, u’yreniw, isenim,* ***sarplang’an ku’sh****, yeldin’ xali’qti’n’ ari’ ushi’n umti’li’wlar,* ***sarplang’an miynet*** *kem-kemnen ko’zge ko’rine basladi’* («QJ».,30.09.2006.), ***Keleshekte*** *qalami’z shi’rayi’na shi’ray qosatug’i’n bul imarat* ***kelesi ji’li’*** *paydalani’wg’a tapsi’ri’ladi’.* Bul jerdege *kelesi ji’l* so’z birligi h’a’m ga’ptegi logika *keleshekte* so’zinin’ arti’qmashli’g’i’n ko’rsetip turi’pti’.

3. Gazetalarda geypara tu’siniksiz, tu’sindiriwdi talap yetetug’i’n so’zlerdin’, terminlerdin’ qollani’li’w jag’daylari’ ushi’rasadi’. Bunday so’zlerdi ilaji’ bolg’ani’nsha gazetada qollanbag’an maqul. Mi’sali’: *Baqlawshi’lar* ***terrakt*** *aqi’betlerin tu’rlishe bayan yetpekte* («QJ».

02.05.2002.), ***Feromon*** *tutqi'sh qoyi'p shi'g'i'li'p,* ***trixogramma*** *jiberildi.* ***Tripske*** *qarsi'* ***karbomid*** *penen islew berildi* («EQ». 11.06.2005).

4. Sinonim so'zlerdin' worni'nda qollani'lmawi' yamasa ko'p qollani'li'wi': *Tiykarg'i' Ni'zami'mi'zg'a* ***tayani'p*** *h'a'm* ***su'yenip*** *jumi's ali'p barmaqtami'z* («QJ». 28.11.2006).

5. Grammatikali'q forma jasawdag'i' kemshilikler. Ma'selen, so'z jasawshi' qosi'mtalardi' naduri's qollani'w, ayi'ri'm waqi'tlarda wolardi' qollani'wda itibardi'n' pa'sligi  h'a'm t.b.

6. Baspaso'zdegi stilistikali'q qa'te-kemshilikler. Ma'selen, tekstti arti'qsha sozi'p jiberiw h'a'm ga'pler arasi'ndag'i' mazmun baylani'si'ni'n' u'zilip qali'wi'. Ma'selen: *Bizler apami'z ko'rsetken gilem-quraq ko'rpeshe, diywaldag'i' ildirilgen gilem-apami'zdi'n' 78ge shi'qqandag'i' qol wo'neri ushi'n kerek bolar degen da'mede nag'i'slardi'n' ati'n sorap jazi'p ali'wg'a ti'ri'sti'q* («EQ» №5-6. 2000).

7. Baspaso'z tili ani'qli'qti' h'a'm konkretlikti, h'a'r bir na'rseni wo'z atamasi' menen atawdi' talap yetedi. Ayri'm jag'daylarda gazeta materiallari'nda aljasi'qlarg'a jol qoyi'lmaqta. Mi'sali': *«Wo'zbekstan qosi'qlar bayrami'» tan'lawi'ni'n' respublikali'q basqi'shi'nda bul ja'ma'a't 2-ori'nda iyeledi* («QJ». 02.05.2002). Bul jerde *«Wo'zbekstan Watani'm menin'…» atamasi'ndag'i' qosi'qlar tan'lawi'* boli'wi' kerek.

8. Texnikali'q qa'teler na'tiyjesinde tekstler bir-biri menen baylani'spag'an h'alda basi'p shi'g'armaqta. Mi'sali': *Wo'mirin'izdi*

*qalayi'nsha ali'p bari'w, sho'lkemlestiriw, woy-pikirin'izdi basqari'w sizin' n'i'zda!* (//S.№2. 2010.) Bul jerde ***qol*** so'zi basi'lmay qalg'an.

Joqari'dag'i' si'yaqli' kemshiliklerge bu'gingi jag'dayda ko'z jumi'p qarawg'a bolmaydi'. Wolarg'a itibarsi'zli'q baspaso'z tilinin' keyingi rawajlani'wi'na, jan'a a'wlad jurnalistlerdi ta'rbiyalawg'a, uli'wma sawatli'li'q, jazi'w h'a'm so'ylew ma'deniyati'na wo'zinin' unamsi'z ta'sirin tiygiziwi so'zsiz. Sebebi, jurnalistlerge ju'klengen yen' u'lken juwapkershilik bul - baspaso'z tilinin' u'lgili til boli'p qali'wi'n ta'miyinlewden ibarat.

# II BAP
# BİLİMLENDİRİW (PEDAGOGİKA) TARAWI'NA TİYİSLİ NEOLOGİZMLER

Belgili wori's ali'mi' G.O.Vinokur gazeta tilin qa'lipke tu'sken (shtampovanni'y) til, dep bah'alap, wonda qollani'wshi' so'zler so'z yemes, al, termin, dep ko'rsetedi[1]. Biraq, gazeta tilindegi do'retiwshilik h'aqqi'ndag'i' ga'p ketkende G.O.Vinokurdi'n' pikirlerine toli'q qosi'li'wg'a boladi'. Sebebi, wol jurnalist do'retiwshiligi sintaksiste, yag'ni'y, wol wo'z stillik sheberligin tek gazetada ko'rsete aladi', dep yesaplaydi'[2]. Al, tilshi ali'm G.Ya.Solganik bolsa, G.O.Vinokur gazeta tilinin' wo'zine ta'n ta'replerin ashi'p bere almag'anli'g'i'n, gazeta tili toli'g'i' menen quramali' h'a'm lingvistikali'q ko'z - qarastan bir qatar belgilerine iye bolg'an qubi'li's, yekenligin atap wo'tedi[3]. Gazeta tiline bah'a beriwde V.G.Kostomarov konceptsiyasi' ayri'qsha a'h'miyetke iye. Woni'n' ko'rsetip wo'tiwinshe, gazeta tili ta'sirshen'lik (ekspressivlik) h'a'm standartli'qti'n' wo'z - ara qatnaslari'na, wolardi'n' almasi'p qollani'li'wi'na tiykarlang'an til boli'p yesaplanadi'[4].

Standarli'q h'a'm ekspressivliktin' wo'z - ara almasi'p qollani'li'wi', uyg'i'nlasi'wi', geyde qarama - qarsi' gazeta materiallari'ni'n' tili ta'repinen a'piwayi', neytral til birliklerine bay, ko'rkemliktin' anaw yamasa mi'naw da'rejede ku'shli sa'wleleniwin ta'miyinleydi.

---

[1] *Винокур Г.О.* Культура языка. –М.,1929. Стр 215.
[2] Сонда.
[3] *Солганик Г.Я.* О языке газеты. –М., 1967. Стр 6.
[4] *Костомаров В.Г.* Русский язык на газетной полосе. –М., 1971. Стр 57.

Al, gazetadag'i' naqi'l - maqallar, frazeologiyali'q til birlikleri, neologizm so'zler usi' tildin', usi' tilde shi'g'i'p ati'rg'an gazetani'n' iyesi bolg'an xali'qti'n' ma'deniyati', u'ri-a'deti, jasaw ta'rizi, keleshekke umti'li'slari', waqi'yalarg'a qatnasi' menen ti'g'i'z baylani'sli'. Wolar gazetada obrazli'li'q h'a'm ekspressivlikti payda yetiwshi a'h'miyetli qural boli'p, ko'rkem, siyasiy h'a'm publicistikali'q tekstlerdin' ta'sirshen'ligin ja'ne de asi'radi'. Wolardi'n' wo'z ana tilindegi so'zlik baylardan xabardan boli'wi'na xi'zmet qi'ladi'.

Neologizmler, frazeologiyali'q so'z birlikleri publicistikali'q stilde, a'sirese, gazeta tilinde a'h'miyetli wori'n iyeleydi. Wolardi'n' baspaso'z tilinde qollani'li'wi' boyi'nsha wo'zbek til biliminde[1], wori's til biliminde[2] bir qatar ilimiy jumi'slar islengen. Bir qatar arnawli' maqalalar jazi'lg'an. Biraq, neologizm so'zlerdin', frazeologiyali'q til birliklerinin' h'a'm naqi'l-maqallardi'n' gazeta tilinde tutqan worni' h'a'm qollani'li'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha qaraqalpaq tilbiliminde de, jurnalistikasi'nda da arnawli' ilimiy jumi'slar islenbedi[3].

Baspaso'z operativ, da'wir menen ten' qa'dem taslaytug'i'n, adamlardi'n' ja'miyetlik-socialli'q turmi'si' menen bir qansha baylani'sqan, so'z h'a'm til birliklerinen do'retiwshilik penen paydalanatug'i'n, jan'ali'qlardi' jarati'w imka'niyatlari' bir qansha

---

[1] *Йўлдошев Б.* Ҳозирги ўзбек адабий тилида фразелогик бирликларнинг функционал-услубий хусусиятлари. Филол.ф.н. автореферат. – Т., 1993., *Маматова А.Э.* Ҳозирги замон ўзбек адабий тилида лексик ва фразеологик норма муаммолари. Филол.ф.д.автореф. –Т., 1991., Абдусаидов А. Газета тилида фразеологизмлар. - Самарқанда, 1990.

[2] *Сычев А.С.* Лексика и фразеология районной газеты., Автореф.канд.диссертации. –М., 1966., *Воронова О.С.* О языке и стиле районных газет. – Саратов, 1970.

[3] *Оразымбетова З.Қ.* Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң қәлиплесиўи (1924-1940-жыллар баспасөзи материаллары тийкарында). Автореф.канд.дисс. -Н, 2006.

ken’ bolg’an g’alaba xabar qurallari’ni’n’ bir tu’ri sanaladi’. Wonda ayri’m waqi’tlarda h’esh bir so’zlikte yamasa a’debiy kitaplarda ushi’ramaytug’i’n ibaralar, so’zler, neologizmler h’a’m til birlikleri ushi’rasi’p qali’wi’ da itimal. Degen menen bul jurnalistlerge yamasa basqa da avtorlarg’a tilden qalay bolsa solay paydalani’w h’uqi’qi’n bermeydi. Sebebi, gazeta tili – bul h’a’mme waqi’tta ana tilinin’ aynasi’ boli’p qali’wi’ kerek.

Bizge belgili bolg’ani’nday-aq, gazeta bul jan’ali’q jarshi’si’, ja’miyetlik turmi’si’mi’zdag’i’ h’a’r qi’yli’ jan’ali’qlardi’, xabarlardi’ h’a’m waqi’yalardi’ ken’ ja’miyetshilikke birinshilerden boli’p jetkeretug’i’n g’alaba xabar qurali’ boli’p tabi’ladi’. Al, xali’q turmi’si’nda ilimiy texnikali’q progresske baylani’sli’ payda boli’p ati’rg’an wo’zgerisler, rawajlani’wlar wo’z gezeginde sa’ykes jan’a atamalardi’ payda yetedi. Mine, usi’nday atamalar menen terminler h’a’m jan’a so’zler yen’ da’slep gazeta tilinde wo’zinin’ ko’rinisin tabadi’.

Bu’gingi globallasqan ja’miyette bolsa, ilimiy texnikali’q progress h’a’m texnikali’q jetiskenliklerge baylani’sli’ payda boli’p ati’rg’an terminlerdin’ sani’ ku’n sayi’n arti’p barmaqta. Wolardi’ biz tarawlar boyi’nsha aji’ratatug’i’n bolsaq, ekonomikag’a baylani’sli’ terminler h’a’m jan’a so’zler, pedagogikag’a yamasa bilimlendiriw tarawi’na baylani’sli’ terminler h’a’m jan’a so’zler, jurnalistika tarawi’na tiyisli terminler h’a’m jan’a so’zler, matematikag’a baylani’sli’ terminler h’a’m jan’a so’zler h’a’m t.b. dep toparlarg’a aji’rati’wi’mi’z mu’mkin. Biraq, gazetalarda ko’birek bilimlendiriwge h’a’m ekonomikag’a baylani’sli’ terminler menen jan’a so’zler

ushi’rasatug’i’n bolg’anli’qtan, biz usi’ yeki tarawg’a tiyisli so’zlerdi u’yreniw menen sheklenbekshimiz. Sebebi, ***birinshiden,*** bu’gingi gazetalarda usi’ tarawlarg’a tiyisli terminler menen jan’a so’zler jetekshilik qi’lsa, ***yekinshiden,*** qalg’an basqa tarawlardi’ da qamti’w bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ ko’lemine jayg’aspaydi’. Sonli’qtan da, jumi’si’mi’zdi’n’ usi’ babi’nda, pedagogika tarawi’na tiyisli, yag’i’ni’y bilimlendiriw tarawi’na tiyisli terminler menen neologizmlerge toqti’li’p o’tiwdi maqul tapti’q.

«Du’nyag’a kelgen h’a’r bir na’restenin’ insan boli’p jetilisiwi ushi’n wog’an teren’ aqi’l, ti’ni’q woy-parasat h’a’m ushqi’r qi’yal kerek» - deydi danalari’mi’z. Al, bulardi’n’ tiykari’ bilim h’a’m ilim boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan da, ata - anani’n’ tiykarg’i’ pari’zlari’ni’n’ biri - bul wo’z perzentine bilim beriw, wo’ner iyeletiw, ilimli yetiwi boli’p tabi’ladi’. Bul h’aqqi’nda tu’rkiy tilles xali’qlari’ni’n’ ulli’ ali’mlari’ Beruniy, Axmet Yassauiy, Uli’g’bek, İymam Al-Buxariy h’a’m basqalar jas a’wladti’ ta’rbiyalawda wo’zlerinin’ pedagogikali’q ko’z-qaraslari’n, ta’lim-ta’rbiyali’q pikirlerin jazi’p qaldi’rg’an. Bul pikirler h’a’zirgi ku’nde de wo’z qunli’li’g’i’na iye. XI a’sirde jasag’an ulli’ shayi’r Yusuf Xas Xajib wo’zinin’ *«Baxi’tqa baslawshi’ bilim»* shi’g’armasi’nda: *«Bilim - bala ushi’n baxi’tti’n’ gilti»* - dep yesaplap, adamg’a bilimnin’ za’ru’rligi, turmi’sli’q ma’nisi, du’nyag’a ko’z - qarasi’ h’a’m de insan pazi’yletleri h’aqqi’ndag’i’ danali’q na’siyatlari’n beredi. Biz, bul shi’g’armalar arqali’ tek g’ana ta’lim - ta’rbiyani’n’ a’h’miyetin, woni’n’ insan ushi’n za’ru’rliklerin g’ana bilip qoymastan, soni’n’ menen birge wolar arqali’ xali’q pedagogikasi’na tiyisli so’zler h’a’m terminler menen de tani’sami’z.

Demek, usi’larg’a su’yenip pedagogikag’a, yag’ni’y bilimlendiriw tarawi’na tiyisli so’zlerdin’, terminlerdin’ qa’liplesiw tariyxi’ ju’da’ yerte da’wirlerden baslanadi’ dep ayti’wi’mi’z mu’mkin.

Bilimlendiriwge yamasa pedagogikag’a, ta’lim h’a’m ta’rbiya islerine baylani’sli’ ug’i’mlardi’n’ atamasi’ si’pati’nda, usi’ tarawda do’regen h’a’m ken’ tu’rde qollani’latug’i’n arnawli’ atamalardi’ tu’sinemiz. Ta’lim h’a’m ta’rbiya isleri du’nyadag’i’ basqa barli’q xali’qlar si’yaqli’ qaraqalpaq xalqi’ tariyxi’nda da yerte da’wirlerden – aq, ja’miyetlik turmi’s talabi’ boli’p keldi. Sog’an baylani’sli’ usi’ tarawg’a tiyisli ug’i’mlar, leksikali’q atamalar tu’rinde tildin’ so’zlik qurami’nan belgili wori’ndi’ iyelep kelgenligi de ni’zamli’ jag’day. Ja’ne de ja’miyetlik turmi’si’mi’zdag’i’ rawajlani’wlar, alg’a ilgerilewler, ilim h’a’m texnikali’q jetiskenlikler xali’qti’n’ ku’ndelikli turmi’si’ndag’i’ basli’ ma’sele bolg’an pedagogikali’q ta’limge h’a’m ta’rbiyag’a baylani’sli’ so’zlerdin’ qa’liplesip h’a’m rawajlani’p bari’wi’na tiykar saldi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ leksikasi’na na’zer awdarsaq, wonda ta’lim h’a’m ta’rbiyag’a baylani’sli’ so’zlerdi, atamalardi’ ko’plep usharatami’z. Wolardi’n’ tilimizde payda boli’wi’ h’a’m qa’liplesiwine pedagogika iliminin’ rawajlani’w basqi’shlari’ sebepshi boldi’ desek qa’telespeymiz. Qaraqalpaqstanda uli’wma h’a’m professionalli’q bilim beriwshi worta arnawli’ h’a’m joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ ashi’li’wi’, jumi’s islewi, sabaqli’qlar menen woqi’w qurallari’ni’n’ baspadan shi’g’i’wi’, arnawli’ ilimiy h’a’m ilimiy - a’meliy a’debiyatlardi’n’ do’retilip, ja’miyetshilikke usi’ni’li’wi’, ta’lim h’a’m ta’rbiyani’n’ ilimiy izertlewlerdin’ obyektine aylani’wi’

h’a’m de gazetalarda, milliy baspaso’zimizde usi’larg’a baylani’sli’ maqalalardi’n’ jiyi ja’riyalani’wi’ h’a’m basqa da jag’daylar bilimlendiriw tarawi’na tiyisli so’zlerdin’ tilimizdin’ leksikasi’n bayi’ti’wg’a, jetilistiriwge jeterlishe pa’t yengizdi. Na’tiyjede, basqa da tarawli’q so’zler menen bir qatarda u’lken bir arnawli’ atamalar retinde ko’zge tu’sip, h’a’zirgi ku’nde yele de rawajlani’p ati’r. Wolardi’n’ ishinde ta’lim h’a’m ta’rbiyani’n’ teoriyali’q tiykarlari’na, tariyxi’na, mazmuni’na, woqi’ti’wdi’n’ usi’llari’ menen a’dislerine, tu’rlerine baylani’sli’ h’a’m t.b. ug’i’mlardi’ an’lati’wshi’ leksikali’q birlikler bar. Ma’selen: *aqi’l ta’rbiyasi’, an’li’li’q principi, gu’rrin’ usi’li’, deduktivlik usi’l, didaktika, didaktikali’q princip, ja’miyetlik paydali’ miynet, ko’nlikpe, metodika, metodikali’q ken’es, miynet ta’rbiyasi’, wo’z betinshe jumi’slar, pedagogikali’q ideya, pedagogikali’q ko’z-qaras, pedagogikali’q takt, sanali’li’q, seziw h’alati’, sintez, fizikali’q ta’rbiya, xoshametlew, sho’lkemlestiriw da’wiri* h’a’m t.b. Keyingi ji’llarg’a kelip: *reyting bah’alaw, reyting da’pteri, innovaciyali’q texnologiya, klaster, blic soraw, trening worayi’* h’a’m t.b. kirip keldi.

Usi’nday so’zlerdin’, jan’a ug’i’mlardi’n’, taza terminlerdin’ kirip keliwine baylani’sli’ qaraqalpaq leksikografiyasi’nda pedagogika h’a’m psixologiya ilimlerine baylani’sli’ arnawli’ tu’rde so’zlikler du’ziw islerine keyingi ji’llari’ di’qqat awdari’lmaqta. Usi’ ku’nge shekemgi pedagogikali’q terminologiya ku’ndelikli ta’lim-ta’rbiya isleri, sabaqli’qlar, woqi’w qurallari’, ilimiy a’debiyatlar, sonday-aq, baspaso’z betleri arqali’ jetilisip, qa’liplesti h’a’m h’a’zirgi rawajlani’w da’rejesine jetti. Solay da, ayti’p wo’tiw kerek, ken’esler awqami’ da’wirlerinde tu’rli sebeplerge baylani’sli’ ana tilimizde

buri’nnan bar geypara so’z h’a’m atamalardi’n’ worni’na wori’s tilinen yamasa wori’s tili arqali’ basqa tillerden ali’p, so’zlerdi jasalma tu’rde qollani’wdi’n’ u’rdiske aylani’p kelgenligi belgili. Bul jag’day pedagogikali’q terminler qurami’na da, bilimlendiriw tarawi’ leksikasi’na da qatnasli’ boli’p keldi. Ma’selen, *topar* worni’na *gruppa, do’gerek* worni’na *krujok, uran* worni’na *deviz, qon’i’raw* worni’na *zvonok, tapsi’rma* worni’na *zadanie, joba* worni’na *plan* (shi’g’armani’n’ plani’), *bag’darlama* worni’na *programma, da’pter* worni’na *tetrad* h’a’m t.b. so’zlerdin’ wori’nsi’z tu’rde qollani’li’wi’ a’debiy tildin’ wo’lshemindey bolg’anli’g’i’ belgili.

Qaraqalpaqstanda pedagogikali’q woy-pikirlerdin’ rawajlani’wi’ wo’zinin’ yeski tariyxi’na iye. Woni’n’ tu’p dereklerin xali’q awi’zeki do’retpelerinen h’a’m klassik shayi’rlari’mi’zdi’n’ shi’g’armalari’nan tabi’w mu’mkin. Qaraqalpaq xalqi’ ko’p a’sirlik tariyxi’nda wo’z ma’deniyati’n qa’liplestirdi, ta’lim-ta’rbiya h’a’m ag’arti’wshi’li’q islerine baylani’sli’ wo’zinin’ ko’plegen jasaw, wo’mir su’riw qag’i’ydalari’n awi’zeki do’retpelerinde keltirip wo’tken. Buni’ ko’birek xali’qti’n’ so’z g’a’ziynesi yesaplang’an naqi’l-maqallarda ko’riwimiz mu’mkin. Mi’sali’:

*Woqi’g’an wozar, woqi’mag’an tozar.*

*Bilegi ku’shli birdi ji’g’adi’, bilimi ku’shli mi’n’di’ ji’g’adi’.*

*Bilim aqi’ldi’n’ shi’rag’i’.*

*Ko’re-ko’re ko’sem bolarsan’.*

*Ustazi’ jaqsi’ni’n’, ustami’ jaqsi’.*

*Asi’q woynag’an azar, top woynag’an tozar,*
*Ha’mmesinen ko’p woqi’p, bilim alg’an wozar.*

*Ustaz atan'nan ulli'.*

*Ali'm bolsan' a'lem seniki.*

*Bilimli yelge nur jawar* h'a'm t.b.

Demek, bilimlendiriw tarawi'na tiyisli pedagogikali'q faktler h'a'm qubi'li'slar, ilimiy-pedagogikali'q tu'sinikler h'a'm sog'an sa'ykes terminler payda bolmastan buri'n-aq, awi'zeki xali'q tilinde jedel qollani'lg'an. Qaraqalpaq tilinin' h'a'zirgi bilimlendiriw tarawi' leksikasi' yeski ja'miyet tu'sinigi h'a'm qubi'li'slari' menen ti'g'i'z baylani'sli' bolg'an terminlerdi de wo'z ishine aladi'. Yag'ni'y, bilimlendiriw h'a'r qanday da'wirde de ja'miyettegi wo'zgerisler, waqi'ya h'a'm jan'ali'qlar menen, uli'wma ja'miyet h'a'm woni'n' ayi'ri'm bo'limi menen baylani'sli' boli'p keledi.

Qaraqalpaq tilinde ta'lim - ta'rbiyag'a baylani'sli' so'z h'a'm so'z dizbeklerinen: *ta'lim - nastavleniya, uchenie, bilim - znaniya, obrazovaniya, aqi'l beriw, aqi'l u'yretiw - uchit umu, razumu* h'a'm tag'i' basqalari' da'slep neologizm so'zler bolg'an bolsa da, keyin waqi'tti'n' wo'tiwi menen wolar ba'rshege ten'dey tu'siniklilik da'rejesine jetti h'a'm bilimlendiriw tarawi'nda jiyi qollani'wshi' so'zler boli'p jetilisti.

Qaraqalpaqstanda pedagogikali'q woy-pikirlerdi h'a'm bilimlerdi qa'liplestirip h'a'm rawajlandi'ri'wda ku'ndelikli baspaso'zdin': gazeta h'a'm jurnallardi'n' worni' ayri'qsha girewli boldi'. Wonda a'sirese, sawatli'li'qqa shaqi'ri'w, bilim beriwge, ul-qi'zlardi' mekteplerde woqi'ti'w ma'seleleri so'z yetilgen materiallarda bilimlendiriw tarawi'na baylani'sli' so'zlerdi ko'plep ushi'rati'w mu'mkin. Ma'selen, *«Lekbez woqi'wi'ndag'i' ko'z boyawshi'li'qlardi'n' beti ashi'ldi'»,*

*«Woqi'w islerindegi kemislikler tez saplansi'n»* («Qi'zi'l Qaraqalpaqstan» 01.02.1935 j.), *«Lekbez mug'a'limi Sapar uli' woqi'wdi' 15-oktyabrden ashi'p, woqi'ti'p kelgen», «Ha'zirgi mektepte bizler woti'ratug'i'n partalar jetkiliksiz»* h'a'm t.b.

Qaraqalpaq tilinde bilimlendiriwge baylani'sli' ayi'ri'm so'zlerdin' qollani'li'wi' jiyilesip (*mektep, parta, mug'a'llim, sabaq, woqi'ti'w, woqi'w,* h'a'm t.b.), al, ayi'ri'mlari' qollani'wdan shi'g'i'p qaldi' (*lekbez, medirese, molla, mo'r* h'a'm t.b.). Ja'ne birewleri wo'tken da'wirdegi ma'nisin saqlag'an h'alda termin boli'p qa'liplesip bardi', al geyparalari' wo'zinin' ma'nisin h'a'zirge shekem saqlap kelmekte. Mi'sali': *mektep, woqi'w, woqi'wli'q, belsendi, teperish, a'lipbe, jedel, ba'seke, da'lil, ta'nepis, birlespe-uyi'm, woqi'w u'skeneleri* h'a'm t.b.

Biz, bilimlendiriw tarawi'na ta'n bolg'an neologizm so'zlerdi to'mendegishe toparlarg'a bo'liwdi maqul ko'rdik:

**1) Ta'rbiyag'a baylani'sli'**: *ta'rbiyali'q jumi'slar texnologiyasi', pedagogikali'q ta'sir yetiw, trening, kontakt, interaktiv, ta'rbiya saati', ta'rbiyashi'-trener, determinantlar, ko'nlikpe, ta'rbiya islerinin' analizi* h'a'm t.b.

**2) Didaktikali'q**: *aqli'y jetiklik, didaktika principleri, tu'sinikli yetip woqi'w, funkcional xi'zmet komponenti, diagnostikali'q analiz, ta'rbiya sistemasi', ta'lim analizi* h'a'm t.b.

**3) Mektep turmi'si'na baylani'sli'**: *metodikali'q birlespe, da'stu'riy woqi'ti'w, da'stu'riy yemes ta'lim, rawajlandi'ri'wshi' ta'lim, aktiv metodlar, vertual sabaq, standart sabaq, evristikali'q ta'lim, arali'qtag'i' woqi'ti'w, texnologiyali'q karta, andragogika,*

*reproduktiv stil, mashqalali' ta'lim (muammoli talim), prognostika, kepilli na'tiyjege yerisiw (kafolatli natijaga yerishish), akkreditaciya, reyting bah'alaw, test* h'a'm t.b.

**4) Sabaq wo'tiw usi'llari'na baylani'sli'**: *«tani'si'w texnologiyasi'», «tu'sinikler analizi», «basqi'shpa-basqi'sh texnologiyasi', «bumerang», «3x4 texnologiyasi'», «rezyume texnologiyasi'», «Labirint texnologiyasi'», «Ba'sikelesiw texnologiyasi'», «qatnas texnologiyasi'», «scenariy texnologiyasi'», «debat», «rolik», «konsensus h'a'm konfrontaciya», «skarabey texnologiyasi'»* h'a'm t.b:

*«Son' qatnasiwshilar jaslar arasinda tusinik jumislarin sholkemlestiriwde* ***zamanagoylik pedagogikaliq texnalogiyalar*** *ham* ***interaktiv*** *usillardan utimli paydalaniw ahimiyeti boyinsha wozinin' pikir usinislarin bildirdi».* **(***«Erkin Qaraqalpaqstan»* gazetasi 2010-jili, 10-mart).

Yelimizde biyg'a'rez demokratiyali'q ma'mlekettin' quri'li'wi', qaraqalpaq tiline ni'zamli' tu'rde ma'mleketlik til biyliginin' beriliwi menen a'debiy tilimiz irkinishsiz rawajlani'wdi'n' gu'zar joli'na qa'dem tasladi'. Na'tiyjede so'zlik quramda ko'rinetug'i'n unamsi'z jasalma illetlerdi saplasti'ri'w, ana tilimizdin' tawsi'lmas bayli'qlari' menen mu'mkinshiliklerinen toli'q paydalani'w mu'mkin boldi'. Bul iygilikli iske pu'tkil ja'miyetlik qa'nigeler, ali'mlar jedel qatnasi'p kiyati'r.

A'meliy ilajlardi'n' a'h'miyetli bir tu'ri retinde mektep turmi'si'na, pedagogika h'a'm psixologiya ilimlerine baylani'sli' terminlerdi wo'zlestiriw, jetilistiriw h'a'm unifikaciyalaw maqsetinde

arnawli' so'zlikler islenip, wolar kishi ko'lemde baspadan shi'g'ari'ldi'. Solardi'n' biri «Mektep turmi'si'na baylani'sli' terminlerdin' wori'ssha-qaraqalpaqsha qi'sqasha so'zligi», «Pedagogika-psixologiya terminlerinin' wori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi» degen atamalarda usi'ni'lg'an so'zlikler boli'p yesaplanadi'.

Ati' atalg'an birinshi kitapshada mektep turmi'si'nan ali'ng'an woqi'wshi'lar leksikasi'nda jiyi qollani'latug'i'n terminler a'debiy tildin' h'a'zirgi rawajlani'w talaplari'na sa'ykes tu'rlerde wolardi' so'ylew aynali'si'nda turaqlasti'ri'w maqsetinde tan'lap berilgen. Al, yekinshi so'zlik pedagogika h'a'm psixologiya terminlerinin' qi'sqasha wori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zliginen ibarat.

Bul tu'sindirme so'zlik du'ziwshilerdin' belgilep wo'tkenindey-aq, ana tilimizdin' ma'mleketlik biylik ali'w sharapati' negizinde islengen pedagogika h'a'm psixologiya ug'i'mlari'n h'a'mmenin' bir tu'rde, bir ma'nide wori'nli' qollani'li'wi'na, a'debiy tildin' jetilisiwine, so'z qori'ni'n' bayi'wi'na, pikirdi i'qsham yetip da'l ayti'wg'a ja'rdem beredi. Woqi'ti'wshi'lardi'n' bilimlerdi so'zlik tiykari'nda ani'q bayan yetiwine woqi'wshi'lardi'n' bilimlerdi an'lap wo'zlestiriwine so'z benen ta'rbiyali'q ta'sir jasawdi'n' wo'tkirligine, na'tiyjede woqi'w wori'nlari' menen u'ydegi ta'lim-ta'rbiya jumi'slari'ni'n' sapasi'ni'n' jaqsi'lani'wi'na na'tiyjesinin' arti'wi'na mu'mkinshilik jaratadi'.

So'zlik ko'lemi jag'i'nan da, sa'ykes pedagogikali'q terminlerdi qamti'wi' boyi'nsha da h'a'zirgi ilimiy-a'meliy talaplardi' toli'q qanaatlandi'rarli'q da'rejede yemes, degen menen qaraqalpaq

leksikologiyasi’nda da’slepki ta’jiriybe si’pati’nda bah’ali’ qollanba boli’p tabi’ladi’.

Haqi’yqati’nda pedagogikali’q ilimler terminologiyasi’ qaraqalpaq a’debiy tilinin’ so’zlik qurami’nda wog’ada u’lken bir terminlik qatlamlardi’n’ biri yekenligi ma’lim. Woni’n’ u’stine bul tarawli’q arnawli’ atamalar podsistemasi’nda shatasli’qlar, tu’rlishe ataw h’a’m qollani’w h’alatlari’ ko’birek ko’zge tu’sedi. Son’g’i’ ji’llar dawami’nda h’a’tteki buri’nnan bar mektep turmi’si’na baylani’sli’ atamalardi’ jasalma tu’rde wori’ssha ataw da, a’sirese, usi’ tarawda ushi’rasadi’.

A’debiy tildin’ h’a’zirgi rawajlani’w talaplari’ tiykari’nda uli’wma ja’miyetshiliktin’, qa’nigelerdin’, tilshi ali’mlar menen metodistlerdin’ g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ja’rdemi menen ma’mleketlik til h’aqqi’ndag’i’ ni’zamg’a sa’ykes pedagogikali’q terminlerde, sonday-aq mektep turmi’si’ boyi’nsha basqa da atamalarda wori’n ali’p kelgen jasalmali’qti’ saplasti’ri’w, terminler unifikaciyasi’n ta’miyin yetiw bag’dari’nda biraz ilajlar islendi.

Solay da jaqi’n ji’llar ishinde qaraqalpaq leksikologiyasi’nda pedagogikali’q ko’lem so’zliklerdin’ do’retiliwi leksikograflar aldi’nda turg’an wazi’ypalardi’n’ birine aylani’wi’ kerek.

# III BAP
# EKONOMİKA TARAWI’NDAG’I’ NEOLOGİZMLER

Yelimizdin’ bazar ekonomikasi’na wo’tiwi a’debiy tilimizdin’ so’zlik qatlami’ni’n’ sawda-sati’q islerine, ekonomikag’a, wo’ndiriske bayli’ni’sli’ atamalar, terminler, neologizimler menen bayi’wi’na tiykar boldi’. Baspaso’zde tematikasi’ boyi’nsha tu’rli tarawlarg’a ta’n bolg’an terminlerdi ko’plep ushi’rati’w mu’mkin. Solardi’n’ ishinde ekonomika tarawi’ndag’i’ terminler menen neologizmler jetekshilik qi’ladi’, desek qa’telespeymiz.

Haqi’yqati’n ayti’w kerek, terminologiya ma’selesi bizin’ bu’gingi ku’nimizde de ilimpazlardi’, tilshi-ali’mlardi’ teren’irek woylandi’ri’p kiyati’rg’an ma’selelerdin’ biri boli’p sanaladi’. Ja’ne de ekonomikali’q terminler jo’ninde de wolar arasi’nda birdeylikti ko’riw qi’yi’n. Ma’selen, «…*ekonomika* degen termin wo’zbek tilinde *«iqtisad»* tu’rinde qollanadi’. Bul termin negizinde arab tilinen ali’ng’an, *u’lken* degen so’z wo’zbek tiline qaraqalpaq tilinen kirgen. Lekin, bug’an wo’zbekler arlanbaydi’. Ne ushi’n biz, ekonomikani’ - iqtisad dep ala almaymi’z?! Eger usi’lay yetsek, *birinshiden*, til bayli’g’i’mi’zdi’ ken’eytemiz, *yekinshiden*, bunday so’zlerdin’ ilimiy jaqtan duri’s ma’nisin beretug’i’n terminler menen atay baslaymi’z».[1] İlimpaz A.Abutov wo’zinin’ ilimiy miynetinde ko’pshiliktin’ aldi’na usi’nday pikir taslaydi’. Bizin’she, bul pikir ko’pshilik ta’repinen maqullanbag’an boli’wi’ itimal. Sebebi, baspaso’zde ekonomika

---

[1] Қарақалпақ тилинде сиясий-жәмийетлик ҳәм экономикалық сөзликтиң зәрүрлиги жөнинде. «Тиллердиң өз-ара қатнаслары жағдайында ҳәзирги қарақалпақ терминологиясын тәртиплестириў мәселелери» бойынша илимий-әмелий конференцияның тезислери. Н.,1992. 12-бет

termini yele turaqli' qollani'li'p kelmekte. Negizinde ekonomikali'q terminlerge shi'g'i'si' boyi'nsha tallaw jasaytug'i'n bolsaq, wolardi'n' h'a'r qaysi'si' h'a'r tu'rli tilerden kelip kirgenligin ko'riw mu'mkin. Ma'selen, *renta (francuz), avans (francuz), arenda (polyak), bazis (grek), balans (francuz)* h'a'm t.b. Bunday terminlerdin' tikkeley ma'nisin xali'qqa bildiriw ushi'n ekonomikali'q terminler so'zligi du'zilgen.

Bu'gingi baspaso'zimizde jiyi qollanatug'i'n ekonomikali'q terminlerden ko'birek to'mendegilerdi ko'riw mu'mkin: *Ekonomiya, bah'a, wo'zine tu'ser bah'asi', fond, ekonomikali'q rawajlani'w, milliy doxod, bes ji'lli'q, plan, planlasti'ri'w, tiykarg'i' fond, sha'rtnamali' minnetleme, azi'q-awqat programmasi', fondlardi' jan'alaw koefficenti, wo'ndirislik programma, iri qarji', balans, ta'biyiy ekonomikali'q potencial, ekonomikali'q ko'rsetkish, xojali'q yesabi', wo'zin-wo'zi ta'miyinlew, ekonomikali'q reforma, miynet wo'nimliligi, shi'g'i'n, doxod, texnologiya, intensivli texnologiya, miynetti sho'lkemlestiriw, progressiv forma, u'nemlew, rasxod, to'lem, ekonomikali'q normativ, sali'sti'rma rasxod, investitsiya, qarji', bonkrot, chek, ko'rsetkish, sali'sti'rma salmaq, rastrata, kooperaciya, kooperativlik sawda, turaq jay fondi', turaq jay programmasi', dinamizm, rezervler, qosi'msha wo'nim, ja'miyetlik sektor* h'a'm t.b. Yendi usi' terminlik so'zlerdin' jurnalistlerimizdin' do'retpelerinde qollani'li'w wo'zgesheliklerine tallaw jasayi'q.

Morfologiyali'q usi'l arqali' terminlerdin' jasali'wi'na itibar bersek, wonda termin jasaw ushi'n belgili bir affikslerdin' g'ana aktiv qatnasi'wi' ko'rinedi, al, so'z jasawda qollani'latug'i'n basqa affiksler

qollana bermeydi. Mi’sali’: ***lik/li’q,*** *ekonomikali’q, finansli’q, reformali’q, investiciyali’q, texnologiyali’q,* h’a’m t.b.

Terminlik atama ani’qli’li’q h’a’m konkretlilikti talap yetetug’i’n arnawli’, leksikali’q birlik tu’rinde so’zlik sostavta payda boli’wi’na qaramastan tu’rli sebeplerge, duri’si’rag’i’ ekstralingvistikali’q faktorlarg’a sa’ykes wo’zgerislerge ushi’rap woti’radi’. Bul wo’zgeris semantikali’q xarakterde de boli’p keledi.

A’dette, so’zlik sostavti’n’ rawajlani’wi’n ta’miyin yetiwshi tiykarg’i’ dereklerdin’, usi’llardi’n’ biri semantikali’q usi’l yekenligi belgili. Anaw yamasa mi’naw ug’i’mni’n’ atamasi’ retinde payda bolg’an so’z kem-kem bir neshe ma’nilerde qollani’w qa’siyetine iye boladi’.

Bul sol so’z qabi’l yetken qosi’msha yekinshi ma’ni arqali’ sa’ykes basqa ug’i’mdi’ an’lati’w tu’rinde iske asadi’. Ko’rnekli til ilimpazi’ Fedarukti’n’ duri’s ko’rsetkenindey, so’z da’slepki payda bolg’an waqti’nda barli’q waqi’tta bir ma’nili boli’p keledi, waqi’tti’n’ wo’tiwi menen wol qosi’msha ma’nilerdi qabi’l yetiwi mu’mkin[1]. So’zdin’ so’z ma’ninisi tu’rinde iske asatug’i’n bir neshe ug’i’mlardi’n’ materialli’q qabi’g’i’ xi’zmetin atqari’wg’a uqi’pli’li’g’i’ semasiologiyali’q ni’zamli’li’qlardi’n’ tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’. Ma’selen, *jumi’s, adi’m, ku’n, miynet* si’yaqli’ uli’wma qollani’wshi’ so’zlerdin’ da’slep bir ma’nide, kem-kem turmi’s talabi’na qaray wolardi’n’ qosi’msha bir neshe ma’nilerdi qabi’l yetkenligi, ko’p ma’nililik qa’siyetke iye bolg’anli’g’i’ so’zsiz: *jumi’sqa baraman, sende jumi’si’m bar, buni’ jumi’slamasan’ bolmaydi’, jumi’si’m tu’sti, adam boli’p qali’pti’, pa-adam*

---

[1] Қараңыз Е.М.Галкина-Федарук. Современный русский язык. Лексика. МДУ баспасы 1954. 50-бет.

*bolg'ani'n'a, wol adam g'oy, adamdi' adam wori'ni'nda ko'rmeydi, bul u'ydin' adami' –sol* h'a'm t.b.

Mine, usi'nday so'zge ta'n usi'nday semasiologiyali'q qubi'li'slardi' terminler sistemasi'nda da, neologizm so'zler topari'nda da an'lawg'a boladi'. Da'slep, arnawli' termin retinde qabi'l yetilgen bir ma'nili leksikali'q atama sol terminnin' evtivlilikti wo'zlestiriwi, termin ani'qlawshi' ug'i'mni'n' ken' tu'siniklilikke iye boli'wi', ken' tarqali'wi' na'tiyjesinde semasiologiyali'q ni'zamli'li'qlar tu'rinde h'a'reket yetiwshi qubi'li'slardi'n' ja'rdemi menen predmetler arasi'ndag'i' baylani's, usasli'q belgilerge qaray yekinshi ug'i'mdi' da ataw qa'siyetine iye boladi'. Usi'nday processlerdin' tiykari'nda terminler, neologizm so'zler de uli'wma qollani'li'wshi'li'q belgilerin kem-kem wo'zlestiredi de, a'dettegi leksikali'q atamalarday boli'p ketedi.

Yendi g'a'rezsizlikten keyin baspaso'zimizde payda bolg'an ekonomika tarawi'na tiyisli neologizmlik terminlerge toqtap wo'tsek.

**Akciya.** Bull so'z bu'gingi baspaso'zimizde jiyi qollani'li'wi' menen wo'zgeshelenedi. Woni'n' ma'nisine kelsek, bul bah'ali' qag'azlardi'n' biri boli'p, woni'n' iyesi qanda da bir akcionerlik ja'miyet retinde du'zilgen ka'rxana firma, bank mu'lklerinde (akcionerlik fondta) belgili bir u'lesinin' bar yekenligin ko'rsetedi. Akciya uli'wma paydadan dividend yesabi'nda da, qanday da bir bo'limin ali'w h'uqi'qi'n beredi, biraq woni'n' iyesi akcionerlik ja'miyeti saplasti'ri'lg'anda ka'rxana mu'lklerinin' sati'li'wi'nan ali'g'anda'ramattan birinshi gezekte qari'z bergenlerdin' talaplari'

qanaatlandi’ri’ladi’, al, qalg’an aqshalar akciya uslawshi’lardi’n’ arasi’nda bo’listiriledi.

Sonli’qtan, akcionerlik ja’miyettin’ minnetlemeleri boyi’nsha akcionerlik ja’miyeti sheklengen da’rejede juwapker (yag’i’ni’y aktsiyalari’ni’n’ wo’z quni’ mug’dari’nda).

Akciyalar aldi’-satti’ aylani’si’na qatnasadi’ h’a’m akciyani’n’ bazar narqi’ wo’z qunlari’nan pari’q yetedi. Akciyalardi’n’ bazar quni’ dividentlerinen to’lenetug’i’n procentke duri’s baylani’sta h’a’m ssuda (qari’zg’a beriletug’i’n aqsha) procentine keri baylani’sta boladi’.

Akciya da’ramatti’n’ salmag’i’na h’a’m dawi’s beriw h’uqi’qi’na qaray bir-birinen pari’q yetedi. Ma’selen, akciyalar u’lken kupyuralarda o’z aldi’na jeke boli’p shi’g’ari’ladi’ yamasa u’lken bolmag’an nominal qunlardi’ ko’rsetiwshi boli’p shi’g’ari’ladi’. Jeke akciyalar akcionerlik ja’miyeti basqari’wi’ni’n’ razi’li’g’i’si’z basqa adamg’a sati’li’wi’ mu’mkin yemes.

**Akcionerlik ja’miyeti.** Bul finans qarji’si’n (kapitali’n) woraylasti’ri’w formasi’ h’a’m soni’n’ menen birge bazar ekonomikasi’ jag’dayi’nda h’azirgi zaman iri ka’rxanalari’ni’n’ tiykarg’i’ sho’lkemlestiriw formasi’ boli’p yesaplanadi’.

Yelimizde xojali’q jumi’si’n iske asi’ri’w maqsetinde yuridikali’q h’uqi’qqa iye bolg’an adamlar h’a’m puxaralardi’n’ sha’rtnama tiykari’nda birlestirgen, ustavli’q fondi’ 500 mi’n’ manattan kem bolmag’an sho’lkem akcionerlik ja’miyeti dep moyi’nlanadi’.

Akcinerlik ja’miyeti (A.J.)- bul yuridikali’q h’uqi’qqa iye ta’rep, wo’zinin’ ni’zami’na (ustavi’na) iye, wonda, akcionerlik ja’miyeti jumi’si’n’ maqseti, woni’n’ kapitali’ni’n’ mug’dari’, jumi’slardi’n’

basqari’li’w ta’rtibi, belgilengen boladi’. Akcionerlik ja’miyetinin’ joqari’ basqari’w uyi’mi’-bul akcionerler uli’wma ji’ynali’si’ (ma’jlisi) boli’p tabi’ladi’. Ku’ndelikli tiykarg’i’ jumi’sari’na basshi’li’qti’ birlespe, baqlaw ken’esi, direktorlar ken’esi h’a’m sol si’yaqli’lar, wonnan ti’sqari’ reviziyali’q komissiya atqaradi’.

**Assotsiaciya.** Bul birlespe xi’zmet ko’rsesiw maqsetinde sho’lkemlestirilgen xojali’q yesabi’nda h’a’m wo’zin-wo’zi qarji’ menen ta’miyinlew ja’ne wo’zin-wo’zi basqari’w tiykari’nda isleytug’i’n ka’rxanalardi’n’ birlespesi.

Assotsiaciya yuridikali’q ta’rep yesaplanadi’. Assotsiaciya kiretug’i’n ka’rxanalar xojali’q ju’rgizwdin’ wo’z betinsheligin, yuridikali’q ta’reptin’ h’ui’qi’n saqlap qaladi’, wo’z jumi’si’n ni’zam tiykari’nda ali’p baradi’.

Assotsiaciya-bul i’qti’yarli’ birlespe, a’dette wog’an kiriwshi g’a’rezsiz ka’rxanalardi’n’ u’stinen joqari’ basqari’w uyi’mlari’ bolmaydi’. Wol ka’rxanalar aldi’nda turg’an wazi’ypalardi’ tabi’sli’ sheshiw maqsetinde sho’lkemlestiriledi, atap aytqanda, wo’ndiriste h’a’m socialli’q rawajlani’wda mu’mkinshiliklerdi ken’eytiw, birge xi’zmet ko’rsetiw tiykari’nda ekonomikali’q, finans h’a’m basqa resurslardan na’tiyjeli paydalani’wdi’ artti’ri’w, ilim h’a’m texnikada, wo’ndiriste h’a’m socialli’q rawajlandi’ri’wda, ta’biyatti’ qorg’aw h’a’m basqa ilajlardi’ a’melge asi’ri’wda ku’sh h’a’m qarji’lardi’ birlestiriw degen so’z. Assotsiaciya qurami’na ma’mleketlik, sheriklik, kesip ali’p islewshi birlespe, jekke, akcionerlik h’a’m ja’miyetlik ka’rxanalardi’n’ kiriwi mu’mkin. Assotsiaciyani’n’ to’mendegi tu’rleri boladi’:

-koncern;

-tarawlar arali’q ma’mleketlik birlespeler;

- konsorcium;

-xojali’q assotsiyaciyasi’.

**Bank.** Bul g’a’rezsiz kredit - finans birlespesi. Wol aqsha h’a’m qarji’lardi’ toplaw, aqshani’n’ yesabi’n ali’p bari’w, aqshani’n’ belgili bir tu’rlerin aylani’sqa shi’g’ari’w, bah’ali’ qag’azlardi’ shi’g’ari’w, wolardan paydalani’w h’a’m basqa wazi’ypalardi’ is ju’zine asi’radi’.

Xali’q xojali’g’i’n basqari’wdi’n’ tarawlar arali’q funkcionalli’q ma’kemelerinde bankler kishi sistemalar yesaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde bankler sistemasi’ to’mendegishe ta’rtipte sho’lkemlestirilgen:

- Ma’mleketlik bank;

- Si’rtqi’ ekonomikali’q bank;

- Sanaat quri’li’si’ banki;

- Agrosanaat banki;

- Turaq jay kommunalli’q xojali’q h’a’m socialli’q rawajlani’w banki;

- Miynet amanat saqlaw h’a’m xali’qti’n’ talaplari’ ushi’n kredit beriw banki;

Ha’zirgi ku’nde ma’mleketlik banklerden ti’sqari’ kommerciyali’q bankler de bar. Bank islerinen tu’sken daramat xali’q xojali’g’i’ni’n’ talaplari’na jumsaladi’.

**Tovar birjasi’.** Bul wo’zinin’ aldi’na payda ali’w maqsetin qoymaytug’i’n ja’miyetlik sho’lkem. İsbilermenler menen

sawdagerlerdin’ awqami’ boli’p, wolardi’n’ jumi’slari’na qolayli’ jag’day tuwdi’ri’w ushi’n ju’rgiziledi.

**Miynet birjasi’.** Bul jumi’sshi’lar h’a’m isbilermenler (jer, mu’lik yamasa jumi’s worni’ni’n’ iyeleri) arasi’nda jumi’s ku’shin sati’w-sati’p ali’w jumi’slari’n ali’p bartug’i’n sho’lkem.

Miynet birjasi’ jumi’ssi’zlardi’ h’a’m jumi’s worni’n wo’zgertiwshilerdi jumi’sqa ornalasti’ri’wdi’ sho’lkemlestiredi. Jumi’s ku’shine bolg’an talap h’a’m usi’ni’slardi’ u’yrenedi, talap yetetug’i’n processler h’aqqi’nda mag’li’wmatler beredi.

Miynet birjalari’ jumi’ssi’zlardi’ dizimge aladi’ h’a’m wolarg’a jumi’ssi’zli’g’i’ ushi’n napaqa to’leydi.

**Fond birjasi’.** Bul mudami’ h’a’reket yetetug’i’n, basqari’latug’i’n bazar boli’p, wonda qi’mbat bah’ali’ qag’azlar (akciya, obligaciyalar) sati’ladi’. Bah’ali’ qag’azlardi’n’ narqi’ wog’an bolg’an talap h’a’m usi’ni’slarg’a baylani’sli’ boladi’ h’a’m wolar wo’z gezeginde bah’ali’ qag’azlardi’n’ paydasi’nan to’lenetug’i’n (divident yamasa procent) mug’dari’na ta’sir yetedi.

**Birja arbitraji’.** Bul birjada kelispewshilik bolg’an jag’dayda sudti’n’ wazi’ypasi’n atqaradi’. Birja arbitraji’ shi’g’arg’an qararlardi’ birja ag’zalari’ni’n’ wori’nlawi’ sha’rt.

**Birja kelisimleri.** Bul bir-birinen tovarlardi’ sati’w-sati’p ali’w sha’rtnamalari’n du’ziw.

**İnfrastuktura.** Bul wo’ndiristin’ uli’wma jag’daylari’n (sanaat, quri’li’s, awi’l xojali’g’i’) h’a’m adamni’n’ turmi’s keshiriwin ta’miynleytug’i’n xali’q xojali’g’i’ tarawlari’ni’n’ ji’yi’nti’g’i’. Wol wo’ndirislik h’a’m socialli’q-turmi’sli’q infrastrukturalarg’a bo’linedi.

Wo’ndirislik infrastrukturag’a transport, baylani’s, jol, materialli’q-texnikali’q ta’miyinlew, elektr liniyalari’, neft h’a’m gaz trubalari’nja’na basqa da sistemalardi’, soorujenielerdi wo’z ishine aladi’. Socialli’q-turmi’sli’q infrastruktura sawda, den sawli’qti’ saqlaw, jolawshi’lardi’ tasi’ytug’i’n transport, ja’miyetlik awqatlani’w tarawlari’, miymanxanalar xojali’g’i’, qalani’n’ kommunikacionli’q sorujenieleri h’a’m basqa da wo’ndiriske baylani’si’ bolmag’an islerdi wo’z ishine aladi’. *«Erkin Qaraqalpaqstan»* gazetasinin’ 2010-jili I 9-oktyabri *«Xojaliq sudlarindag’i kelisim pitimi”* atli maqalada:

*«Kelisim pitiminin’ mazmunin, tareplerdin’ kelisim pitimi boyinsha alg’an minnetlemeleri quraydi. Wol woz ishine qariz minnetlemeleri keshiktiriw yamasa peniyadan waz keshiw shartlerin aliw mumkin».*

Bul joqari’dag’i’ keltirilgen ekonomika tarawi’na tiyisli terminlik so’zlerdin’ ko’pshiligi tilimizdin’ leksikasi’na yendi kelip kirip ati’rg’an neologizmlik so’zler boli’p yesaplanadi’. Wolar bizin’ bu’gingi ku’ndelikli baspaso’zimizde derlik h’a’r ku’ni ushi’rasadi’. Wolardi’ mazmuni’na sa’ykes qollani’w, ma’nisin tu’siniw belgili da’rejede jurnalistlerden ekonomikali’q bilim h’a’m sawatti’ da talap yeteri so’zsiz. Demek, ekonomika tarawi’ boyi’nsha da tu’sinikke, sawatli’li’qqa, bilimge iye boli’w bu’gingidey bazar ekonomikasi’ sharayati’nda tek g’ana ekonomistler menen isbilermenlerdin’ yemes, al, wolardi’n’ til bilimine yenisiwine juwapker tilshiler menen jurnalistlerdin’ de a’diwli h’a’m juwapkershilikli wazi’ypasi’ boli’p yesaplanadi’.

# IV BAP

# GAZETA REKLAMALARI’NDAG’I’ NEOLOGİZMLER

Bu’gingi gazeta reklamasi’ni’n’ bir qansha tu’rleri bar. Wolar: *plakatlar, afishalar, prospektler, kataloglar, albomlar, kiritpeler, bukletler, yesletpeler qag’aza-reklamalar, tovar yarlikleri, etiketkalar, bah’a ko’rsetkishleri* h’a’m t.b. Bunday gazeta reklamalari’nda jiyi arnawli’ terminler menen neologizm so’zler qollani’ladi’. Wolarda qollani’latug’i’n so’zlerge tallaw jasayi’q.

**Afisha** *(francuz tilinen ali’ng’an)*- **w**o’zgesheligine bola plakat-reklamag’a bir qansha jaqi’n. Biraq belgili bir spektakl, koncert, lektsiya h’a’m tag’i’ basqa waqi’ya h’a’m jan’ali’qlarg’a baylani’sli’ xabarlardan ibarat boladi’.

**Katalog** **(***grek tilinen ali’ng’an, dizim ma’nisin beredi***)** zatlardi’n’ h’a’m tovarlardi’n’ sistemali’ dizimlerinen ibarat boladi’. Sonday-aq, tovarlar, xi’zmetlar h’aqqi’nda toli’q h’a’m izbe-iz sistemali’ xabar h’a’m wolardi’n’ maqsetke muwapi’qli’g’i’ tuwrali’ ani’q mag’li’wmatler beredi. Bunday reklamalar tovar, xi’zmetler h’aqqi’nda tek mag’li’wmat berip qoymastan, soni’n’ menen birge wolardi’ qay jerden, qanday sha’rtler menen, qanday usi’llar menen sati’p ali’w h’a’m paydalani’w h’aqqi’nda da ken’ mag’li’wmatlar jetkizedi.

**Prospektler (joybarlar)** **(***lati’n tilinen ali’ng’an, boli’p negizginde u’sh ma’nige iye, birinshisi, ko’rinis, obyekt ma’nisinde, yekinshisi qaysi’dur na’rse yamasa jumi’sti’n’ toli’q jobasi’, u’shinshiden, reklamali’q ma’nisi***)** katalogqa jaqi’n boli’p, tovarlar

si’patlamasi’nan ibarat kishkenerek broshyura formasi’nda boladi’ h’a’m wolardi’n’ h’a’r birinde birdey tu’rdegi tovar h’a’m xi’zmetler h’aqqi’nda ani’q mag’li’wmat keltiriledi. **Yesletpeler** kitapsha formasi’nda boli’p, wolar da a’h’miyeti jag’i’nan ayri’qsha wori’nda turadi’. Wonda reklama qi’li’ni’p ati’rg’an obyekt h’aqi’nda qi’sqasha mag’li’wmat h’a’m wonnan qanday paydalani’w h’aqqi’nda ma’sla’h’a’tlar jaylasti’ri’lg’an boladi’.

**Albom -** baspa wo’nimi yesaplani’p, su’wret, si’zi’lmalar, fotomateriallarg’a iye boladi’ h’a’m de wolarg’a qi’sqasha tu’sindiriw tekstleri qosi’lg’an boladi’.

**Buklet** - baspa wo’nimi yesaplanadi’. Wonda mazmun tek bir qag’azg’a jaylasti’ri’ladi’, wonda qag’az sonday yetip bu’klenedi, woni’ kespey yamasa qi’ri’qpastan arqayi’n woqi’w h’a’m ko’riw mu’mkin boladi’.

**Kiritpe -** kishkene qag’azsha formasi’nda boli’p, reklama tekstinen ibarat h’a’m ko’lemi jag’i’nan kishi, sog’an bola gazeta, kitap h’a’m sawda obyekti ishine qosi’msha si’pati’nda kiritiledi. Bunday kiritpeler ko’binese bayram qutli’qlawi’, iskusstvo, sawda, turmi’sli’q xi’zmet ko’rsetiw ka’rxanalari’, tamasha, kewil ashar sho’lkemler h’aqqi’nda mag’li’wmatler berip, wolardi’ reklama qi’ladi.

**Reklama-qag’azalar -** su’wretli ko’rinis h’a’m de tekstten quri’lg’an boladi’. Sawda reklamasi’nan yarlik, etiketka h’a’m bah’alar ko’rsetkishlerinen paydalani’ladi’.

**Yarlik - w**onsha u’lken bolmaydi’, wonda tovardi’n’ ati’, mug’dari’, salmag’i’, bah’asi’ ko’rsetiledi, ka’rxana yamasa firma ati’ beriledi, sonday-aq, tovar mo’ri yamasa belgisi ko’rsetilgen boladi’.

**Etiketka (***francuz tilinen ali'g'an***) -** ko'binese su'wretler menen bezetiledi yamasa fotografiyag'a iye boladi'. Wolarda tovar su'wretlenedi h'a'm tekst boladi'. Etiketka, uli'wma alg'ande, tovarlardi'n' reklamali' worawi', albette, tovardi' tani'ti'wdi'n' usi'llari'nan biri boli'p tabi'ladi', bunda su'wretlerdin', emblema, jazi'w, ren'lerdin' uyg'i'nli'g'i' h'a'm tag'i' basqa da birliklerdin' birligi tiykari'nda yerisiledi.

**Bah'alar ko'rsetkishi** – wol bah'a h'aqqi'ndag'i' mag'li'wmatler boli'p, tovardi'n' quni'n, bah'asi'n ko'rsetedi.

A'debiy tildin' so'zlik qurami'ni'n' rawajlani'wi' a'sirese, son'g'i' g'a'rezsizlik da'wirlerinde ayri'qsha bayqa'ladi'. Sebebi, wonda tu'rli tarawlarg'a tiyisli, buri'n tilimizde ushi'raspaytug'i'n, arnawli' terminler menen neologizm so'zler bu'gingi baspaso'zimizde ku'n sayi'n ko'beyip barmaqta. Wolardi'n' ko'pshiligi ja'miyetlik-siyasiy, pedagogikali'q h'a'm ilimiy, wo'ndirislik h'a'm ekonomikali'q tarawlarg'a tiyisli so'zler boli'w menen birge, gazeta tilinde, a'sirese, reklamali'q dag'azalarda jiyi qollani'li'wi' menen wo'zgeshelenedi. Sonli'qtan da, h'a'r ku'ngi baspaso'z materiallari'nda jan'a so'zlerdi ushi'rati'w mu'mkin. Wolardi'n' ko'pshiligi xali'qqa tu'sinikli bolsa, ayri'mlari' pu'tkilley jan'a terminler. Mi'sali': *lizing, kredit, limit, moralli'q tozi'w, miynetti ilimiy sho'lkemlestiriw, miyneti kurallari'ri'w, wo'ndiristi sho'lkemlestiriw, tez jobalasti'ri'w, patent, miynet resurslari', reklamaciya, wo'ndiris rezervleri, baqari'w qarari', rentabellilik, tarif sistemasi', u'ziliksiz liniya takti', tarif sistemasi', akciya, akcionerlik ja'miyet, wo'nimdi attestaciyalaw, assotsiaciya, tovar birjasi', miynet*

*birjasi', birja arbitraji', industrializaciyalaw, infrastruktura, koncern, miynetti kooperaciyalaw* h'a'm t.b. Soni' da ayri'qsha atap wo'tiwimiz kerek, bunday so'zlerdin' toli'q ma'nisin xali'qqa tu'sindirip bari'w, wolardi'n' ishinen wo'z ana tilimizdin' mu'mkinshiliklerinen kelip shi'g'i'p do'regenlerin tan'lap qollani'w h'a'm paydali'ni'w h'a'zirgi da'wirdegi en' aktual ma'selelerdin' biri boli'p yesaplanadi'.

Bazar ekonomikasi'ni'n' yengiziliwi reklamali'q xi'zmetke bolg'an tali'pti' bir qansha artti'ri'p jiberdi. Bul wo'z gezeginde a'debiy tilimizdin' so'zlik qatlami'ni'n' sawda-sati'q islerine, ekonomikag'a, isbilermenlikke, bank xi'zmetine, wo'ndiriske bayli'ni'sli' atamalar, terminler menen bayi'wi'na tiykar boldi'. Bu'gingi ku'nde reklamalar sani', ko'lemi boyi'nsha arti'p barati'rg'anli'g'i' ushi'n da wolardi' mu'mkinshiligi bolg'ani'nsha tarti'mli' yetip, na'zik sezimlerge ta'sir yetetug'i'n yetip, kerek bolsa qi'zi'g'i'wshi'li'q woyati'wg'a iytermelewshi yetip jazi'wg'a umti'li'wshi'li'q seziledi. Bunday jazi'w stilin qa'liplestiriw da'wir talabi' da boli'p yesaplanadi'. Baspaso'zde tematikasi' boyi'nsha tu'rli tarawlarg'a ta'n bolg'an reklamalardi' ko'plep ushi'rati'w mu'mkin. Wolarda sol tarawlarg'a tiyisli bolg'an terminler menen so'zler ken' qollani'ladi'.

Bu'gingi baspaso'zimizde qollanli'p ju'rgen arnawli' reklamali'q terminlerdin' etimologiyasi' h'a'm an'latatug'i'n ma'nileri boyi'nsha tu'sinik berip wo'tsek:

**Tiraj** (*francuz tilindegi* ***triage*** *so'zinen ali'ng'an*) – lotereya woyi'ni'ni'n' baqi'shlari' yamasa baspa wo'nimlerinin' sani', ko'rsetkishi;

**Test** *(inglis tilinin’* ***test*** *so’zinen ali’ng’an*) – paydalani’w, izleniw yamasa wo’z mu’mkinshiligin’di si’pan ko’riw ushi’n belgilengen tapsi’rma h’a’m wazi’ypalar.

**Texnologiya** *(grek tilinen ali’ng’an,* ***techne****-iskusstvo, sheberlik,* ***logos****-ilim, tu’sinik degen ma’nilerin beredi* ) – ilimiy ko’rsetkishke iye bolg’an is usi’llari’ ji’ynag’i’.

**Abiturient** (*lati’n tilinin’* ***abiturientis*** *co’zinen kelip shi’qqan*) – woqi’wg’a tapsi’ri’wshi’.

**Abonent** (*nemis tilinin’* ***abonnent*** *so’zinen ali’ng’an*) – abonementten paydalani’wshi’ adam yamasa telefong’a iye bolg’an ka’rxana, ma’keme, sho’lkem yamasa adam.

**Agent** (*lati’n tilindegi* ***agens*** *so’zinen ali’ng’an, h’a’reket yetiwshi ma’nisin beredi*) – belgili bir sho’lkem, ma’keme, ka’rxanag’a is ju’zinde xi’zmet ko’rsetiwshi, ayri’qsha wazi’ypalardi’ atqari’wshi’ adam.

**Agitaciya** (*lati’n tilindegi* ***agitatio*** *so’zinen ali’ng’an*)- negedur, kimgedur tasir yetiwshi, qozg’aw sali’wshi’ ma’nisinen kelip shi’qqan. Bul h’a’zirgi waqi’tta ko’shiliktin’ keypiyati’na h’a’m sanasi’na ta’sir yetiwshi siyasiy h’a’reketler, shi’g’i’p so’ylewler, bag’darlamalar h’a’m su’renler boli’p yesaplanadi’.

**Kredit** - (*lati’n tilindegi* ***creditum*** *co’zinen ali’ng’an, bizin’she* ***tovar yamasa aqshani’n’ qari’zg’a beriliwi*** *ma’nisin beredi*).

**Krizis** – (*grektin’* ***krisis*** *co’zinen kelip shi’qqan,* ***sheshim, qi’yi’n-wo’tiw da’wiri*** *ma’nilerin beredi*).

Baspaso’zdegi reklamalardi’n’ ja’miyetlik, ma’deniy baylani’slari’ yen’ da’slep a’debiy til arqali’ a’melge asi’ri’ladi’.

Demek, wonda a’debiy tildin’ funkcionalli’q stillerinin’ derlik barli’q tu’rleri qollani’ladi’. Wol ja’miyetlik waqi’ya h’a’m h’a’diyselerdi, xabarlardi’ xali’qqa jetkeriwde tillik birliklerden, til qurallari’nan qa’legeninshe paydalani’wi’, h’a’tteki woni’ sol turi’si’nda yemes, al, qayta islep paydalani’wi’ da mu’mkin. Bunda wol tiykari’nan mi’nalarg’a itibar beriwi kerek:

-Waqi’ya, qubi’li’s h’a’m jag’daylardi’ su’wretlegende ma’mleketlik maqsetlerdi wo’zinde toli’q h’a’m h’a’r ta’repleme ja’mlewge;

-Ja’miyetlik auditoriyag’a bag’darlani’wg’a yamasa qarati’li’wg’a;

-Wo’zinin’ maqseti, mazmuni’ jag’i’nan g’ana yemes, al, soni’n’ menen birge stili jag’i’nan da ko’pshilikti wo’zine qarata ali’wg’a;

-Xabarlaw, bayanlaw yamasa su’wretlewde tildin’ barli’q birliklerinen h’a’m stillerinen wori’nli’ h’a’m maqsetke muwapi’q paydalani’wg’a;

-Funkcionalli’q stiller h’a’m tillik birliklerden paydalang’anda ila’ji’ bolg’ani’nsha a’piwayi’, xali’qqa tu’sinikli h’a’m uli’wma xali’qli’q ta’replerdi ta’miyin yetiwge;

-Ta’sirshen’likti ta’miyin yetiw maqsetinde tillik birliklerden paydalani’w menen sheklenbey, soni’n’ menen birge, wol birlikler tiykari’nda jan’adan-jan’a so’z birliklerin qa’liplestirip bari’wg’a;

-Yen’ tiykarg’i’si’, funkcionalli’q stillerdin’ barli’q tu’rlerin h’a’m formalari’n wo’zinde ja’mlegen h’alda, wo’zine ta’n til h’a’m stillerin qa’liplestirip h’a’m jetilistirip bari’wg’a.

Soni’ da ayti’p wo’tiwimiz kerek, tildegi so’zlerden, tu’rli forma h’a’m stillerden paydalani’w ma’selesi de baspaso’zdegi yen’ aktual ma’selelerdin’ biri boli’p kelmekte.

Baspaso’zdin’ a’debiy tilge ta’siri bir ta’repleme yemes, al wol uli’wma ja’miyettin’ barli’q qatlamlari’na da, a’debiy tildin’ funkcionalli’q stillerinin’ qatlamlari’na da baylani’sli’. Funkcionalli’q stillerdin’ qatlamlari’ a’debiy tildin’ rawajlani’w bari’si’nda toqtap qalg’an, yamasa qati’p qalg’an process yemes. Al, wol a’debiy tildin’ ani’q wo’mir su’riwi ushi’n tiykar bolatug’i’n birden-bir real qubi’li’s boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ menen birge wol belgili da’rejede a’debiy tildin’ xi’zmetlerin quramalasti’radi’. A’debiy til baspaso’z, gazeta-jurnal tilin de, ko’rkem a’debiyat h’a’m ra’smiy h’u’jjetler tilin de wo’z ishine aladi’. Biraq bulardi’n’ h’a’r biri a’debiy tilimizde wo’zine ta’n stillik si’patqa iye boli’p keledi. Ayi’ri’m waqi’tlarda funkcionalli’q stiller wo’z xi’zmeti menen tildin’ jag’daylari’n wo’zgertip te jiberiwi mu’mkin.

Baspaso’zde ilimge de, wo’ndiriske de, siyasatqa da, ma’deniyatqa da, ko’rkem a’debiyatqa da tiyisli reklamali’q materiallar wori’n ali’wi’ mu’mkin. Sonli’qtan da, wol tarawlardi’n’ h’esh biri de baspaso’zge jat yemes. Solardi’n’ ishinde ko’rkem a’debiyatti’n’ tili basqa kitabi’y jazba tildin’ stilleri menen sali’sti’rg’anda, ba’rinen de beter gazeta publitsistikali’q stilge jaqi’n boli’p keledi. Wolardi’n’ bir-birine bolg’an ta’siri h’a’m xi’zmetleri wolardi’ bir-birine biriktirip baradi’. Biraq publitsistikani’n’ wo’z aldi’na, al ko’rkem a’debiyatti’n’ wo’z aldi’na joli’ bar. Mine, usi’ wo’zgeshelikleri h’a’m xi’zmetlerine bola til stillerinin’ sistemasi’ islep shi’g’i’lg’an.

Ha’r qanday jazba stil wo’zinin’ jetilisiw yamasa rawajlani’w da’wirinde usi’ tarawda jiyi, h’a’tteki turaqli’ qollani’latug’i’n leksikali’q birliklerdi payda yetip baradi’. Publicistikali’q stildin’ leksikasi’nda bolsa ja’miyetlik siyasiy leksika u’lken wori’n iyeleydi. Bul, a’lbette, a’debiy tildin’ leksika-semantikali’q jaqtan bayi’wi’na wo’zinin’ u’lken ta’sirin tiygiziw menen birge publicistikali’q stildin’ turaqli’ leksikali’q birliklerin payda yetti. Mi’sali’: *yerkinlik, azatli’q, gu’res, ken’es, awqam, respublika, sho’lkem, ja’miyet, xali’q-xojali’g’i’, jergilikli wori’nlar, paraxatshi’li’q, yegis maydani’, bayanlama, siyasat, ekonomika, u’git-na’siyat, yen jaydi’ri’w, h’uqi’q, zu’ra’a’t, demokratiya, a’njuman, qa’wipsizlik, joqari’ ko’teriw, ten’sizlik, joba boyi’nsha, baslama, wazi’ypa, i’lg’alli’, brigada, aldi’ng’i’ miynet* h’a’m tag’i’ basqa.

Geyde reklamalarda kemnen-kem ushi’rasatugi’n qa’nigelikke tiyisli termin yaki ka’sip-wo’nerge tiyisli leksemalar da ushi’rasi’p turadi’. Bular h’a’r dayi’m ken’ woqi’wshi’lar topari’na birdey tu’sinikli bola bermeydi. Bunday so’zlerden paydalani’wda wolardi’n’ qollani’li’w maydani’ sheklengenligi, h’a’zirgi waqi’tta qollani’w tarawi’na da itibar qarati’w kerek boladi’.

Gazeta reklamasi’ tilinin’ wen’ a’h’miyetli h’a’m wo’zine ta’n qa’siyetlerinin’ biri, woni’n’ da’lligi, ani’qli’g’i’, a’piwayi’li’g’i’ boli’p yesaplanadi’. Bul arqali’ wol uli’wmali’qqa, ta’sirshen’likke, tu’siniklilikke yerisedi. Demek, baspaso’zde uli’wma xali’qqa tu’sinikli so’zler, terminler menen atamalar jetekshi wori’nda turi’wi’ kerek.

Tildin’ so’zlik qatlami’, a’sirese, neologizmler h’a’m terminler yesabi’nan jetilisip h’a’m ken’eyip woti’radi’. Soni’n’ menen birge wol rawajlang’an tildin’ tiykarg’i’ real ko’rsetkishlerinin’ biri boli’p tabi’ladi’.

# JUWMAQ

Demek, neologizimler - tildin’ barli’q sistemali’q talaplari’na juwap beretug’i’n, anaw yamasa mi’naw da’rejede ni’zamlasti’ri’lg’an, ko’pshilik tu’rleri so’zliklerde ko’rsetip berilgen, jan’a tu’siniklerdi bildiretug’i’n til birlikleri yeken, wolardi’n’ da’wir na’pesi menen jasaytug’i’n gazetalarda belgili wori’n tuti’wi’ ni’zamli’ qubi’li’s sanaladi’. Neologizmler h’a’mme tarawlardi’ wo’z ishine qamti’p, wol so’zlik quramni’n’ belgili bo’legin quraydi’. A’sirese, wo’tken a’sirler dawami’nda ja’miyetlik-turmi’sti’n’ rawajlani’wi’, adam iskerliginin’ ken’eyiwi, ilimiy-texnikali’q progresstin’ yen jayi’wi’, woni’n’ wo’ndiris penen ma’deniyatti’n’ barli’q tarawlari’nda sheshiwshi wori’n iyeliwi qaraqalpaq tilinde sa’ykes ug’i’mlarg’a baylani’sli’ jan’a atamalardi’n’ payda boli’wi’na, na’tiyjede so’zlik quramni’n’ bayi’wi’na sebepshi boldi’.

Ha’zirgi texnikali’q progresstin’ rawajlani’w bari’si’nda, ja’miyettin’ siyasiy, ekonomikali’q h’a’m ma’deniy jaqtan jetilisiwinin’ arqasi’nda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ ja’miyetlik turmi’si’mi’zdag’i’ worni’ bir qansha arti’p, wol arqali’ tilimizge jan’a tu’sinikler, jan’a terminler, neologizm so’zler kirip kelmekte. Wolar ja’miyetlik-ideologiyali’q, ruwxi’y-ma’deniy ko’z-qaraslardi’ sa’wlelendiriwde wo’nimli qollani’lmaqta.

A’lbette, g’alaba xabar qurallari’ wo’tken waqi’ya h’a’m h’a’diyselerdi tu’rli janrlarda xabarlap, wolardi’ ani’q faktler tiykari’nda su’wretleydi. Usi’ arqali’ wol ja’miyetlik baylani’s, uli’wma xali’qli’q xabar h’a’m ma’deniy xi’zmet wazi’ypasi’n

atqaradi’. G’alaba xabar qurallari’ni’n’ ja’miyetlik, ma’deniy baylani’slari’ bolsa, yen’ da’slep a’debiy til arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Sonli’qtan da, tildin’ funkcionalli’q stillerinen, tillik birliklerden, til qurallari’nan paydalani’wda jurnalistlerden u’lken qi’rag’i’li’q talap yetiledi. Sebebi, a’debiy tilimizde boli’p wo’tetug’i’n tiykarg’i’ processler: jetilisiw, ken’eyiw, rawajlani’w, ba’rinen buri’n ja’miyetlik ayna yesaplang’an g’alaba xabar qurallari’na tikkeley baylani’sli’ boladi’.

Bizin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’z g’alaba xabar qurallari’ni’n’ bir tu’ri bolg’an gazetalardi’n’ tillik ta’repine, yag’i’ni’y gazetalar arqali’ tilimizge kirip kelip ati’rg’an jan’a so’zler, jan’a atamalar, yag’ni’y neologizmlerdin’ payda boli’wi’, jasali’wi’ h’a’m woni’n’ tilimizde, soni’n’ ishinde gazeta tilinde tutqan worni’ ma’selesine qarati’ldi’.

Biz, jumi’si’mi’zda neolgizm so’zlerdi tarawlar boyi’nsha aji’rati’p u’yrendik. Sonli’qtan da, jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ baplari’n «Bilimlendiriw tarawi’na tiyisli neologizmler» h’a’m «Ekonomika tarawi’ndag’i’ neologizimler» dep atadi’q. Bulay tiykarg’i’ usi’ tarawg’a toqtawi’mi’zdi’n’ sebebi, h’a’zirgi waqi’tta tilimizge kirip ati’rg’an neologizmlerdin’ ko’pshiligi, mine, usi’ yeki tarawg’a tiyisli yedi.

A’lbette, neologizmlerdin’ payda boli’wi’ h’a’m jasali’wi’ uli’wma so’zlik quramg’a ta’n rawajlani’w ni’zamli’li’qlari’na, qa’liplesken usi’llarg’a h’a’m uli’wma xali’qli’q u’lgilerge tiykarlanadi’. Wolardi’n’ payda boli’wi’ da, jasali’wi’ da obyektiv xarakterde boladi’. Degen menen tildin’ leksikali’q qatlami’ yen’

h'a'reketshen' h'a'm u'ziliksiz wo'zgerisler yenip woti'ratug'i'n aji'ralmas bo'legi bolg'anli'qtan, wonda so'zlerdi qabi'l yetiw h'a'm paydalani'w barli'q waqi'tta uli'wma xali'qli'q baqlawdi', ta'rtiplestirip woti'ri'wdi' talap yetedi. Bul jag'day tilimizdin' sistemali'li'g'i'n ta'miyinlewge ja'rdem yetedi.

Qaraqalpaq tilinin' so'zlik qurami'ndag'i' neologizmlik xarakterdegi so'zler menen terminler tematikali'q jaqtan turmi'sti'n' arnawli' tarawlari'n wo'z ishine alatug'i'n bir neshe toparlardan turadi'. Bul toparlar sol turmi's tarawlari' boyi'nsha do'regen arnawli' ug'i'mlardi', sog'an sa'ykes atamalardi' qamti'ydi'. Ma'selen, ekonomikali'q, pedogogikali'q, medicinali'q, lingvistikali'q, ximiyali'q, matematikali'q, ja'miyetlik-siyasiy h'a'm t.b. Wolardi'n' h'a'r biri boyi'nsha tu'sinikke iye boli'w, wolardan xabardar boli'w, wolardi'n' ma'nisin tu'siniw jurnalistlerdin' tiykarg'i' wazi'ypalari'ni' biri. Sebebi, xali'qli'q minber yesaplang'an gazetalarda bular h'aqqi'ndag'i' h'a'r tu'rli janrdag'i' materiallar u'ziliksiz ja'riyalani'p turi'ladi'.

Sonday-aq, tu'rli tarawlarg'a tiyisli neologizmlerdin' gazeta tilinde qollani'li'w da'rejesi, aktivliligi birdey yemes. Usi'g'an qaray aktiv qollani'li'wshi' h'a'm passiv qollani'li'wshi' boli'p aji'rali'p turadi'. Bazar qatnasi'qlari' jag'daylari'ni'n' da'slepki da'wirlerinde payda bolg'an bazi'-bir passiv qollani'li'wshi' ekonomikali'q neologizmler, waqi'tti'n' wo'tiwi menen aktiv qollani'li'wshi' so'zlerge aylanadi'. Ma'selen: *kredit, akciya, assotsiyaciya, birja, fermer* h'a'm t.b. Bunday mi'saldi' bilimlendiriw tarawi'ndag'i' neologizmler h'aqqi'nda da ayti'wi'mi'z mu'mkin. Ma'selen:

*interaktiv, innovaciya, reyting, test, texnologiyali’q karta, trening, videorolik* h’a’m t.b.

Solay yetip neologizm so’zler stillik jaqtan sa’ykes turmi’s tarawi’na beyim qollani’latug’i’n, paydalani’wda arnawli’ tu’sinikti talap yetetug’i’n leksikali’q birlikler boli’p yesaplanadi’. İzertlewimiz bari’si’nda biz sog’an guwa boldi’q, qaraqalpaq a’debiy tilinin’ h’a’zirgi rawajlani’w jag’dayi’nda neologizmlerdi, tu’rli tarawlag’a tiyisli terminlerdi qabi’l yetiw h’a’m paydalani’w ma’selesi belgili bir sistemag’a tu’sip kelmekte. Solay da, bazi’-bir subyektiv sebepler menen til tarawi’ndag’i’ h’a’r tu’rlilikler, geypara wori’nsi’z h’a’reketler a’stelik penen joyi’li’p barmaqta.

A’lbette, qaraqalpaq baspaso’zi tili boyi’nsha ayti’li’wi’, u’yreniliwi kerek bolg’an ma’seleler ju’da’ ko’p. Biz, pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ ko’leminde qaraqalpaq a’debiy tilinin’ u’lken bir tarawi’na tiyisli ma’seleni jeterli da’rejede jari’ti’w mu’mkinshiligine iye yemespiz. Sonli’qtan da, bul tarawg’a tiyisli jumi’slardi’ keleshekte toli’g’i’raq dawam yettiriw niyetinde qalami’z.

# PAYDALANI'LG'AN A'DEBİYATLAR DİZİMİ:

1. Абдусаттаров Р., Тошалиев И., Махмудов С. Оммавий ахборот воситаларининг тили ва услуби. Тошкент, 2000.

2. Абдурахманов Ҳ., Маҳмудов Н. Сўз эстетикаси. Т; «ФАН», 1871.

3. Алексеев В.А. О некоторых особенностях публицистического функционального стиля. // ВКн:»Проблемы журналистики» вып-2 Л.,- 1973.

4. Баскаков Н.А. Вопросы терминологии. М., 1961.

5. Бабаева А. Газета тили ҳақида. Т., 1983.

6. Бердимуратов Е. Қарақалпақ терминологиясы. Н., 1989 ж.

7. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде линвистикалық терминлерди тәртиплес-тириў мәселелери Н., 1992.

8. Ворошилов В. В. Журналистика. – Учебник. – СПб. – 1999.

9. Е.М.Галкина-Федарук. Современный русский язык. Лексика. МДУ. 1954.

10. Даулетов А. Қарақалпақ тилинде айырым фонетикалық терминлердиң жумсалыў өзгешеликлери. Н., 1992.

11. Доспанов О. Тил мәдениyaты ҳаққында.// Совет Қарақалпақстаны. 1975. 17-август

12. Дудинова Е. И., Мухамадиева Л.И. Реклама в средствах массовой информации. Алматы. 1997.

13. Жумамуратова М.Т. Рекламаны үйрениўшилерге жәрдем. ҚМУ., 2006.

14. Крылов И. В. Теория и практика рекламы в России. М., 1996.

15. Костомаров В.Г. Русский язык на газетной полосе. (некоторые особенности языка современной газетной публицистики) М.,-1971.

16. Қәлендеров М. Мәмлекетлик тил Нызамы ҳаққында ҳәм терминлерди дурыс қабыл етиў мәселеси. // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. нөкис-2000, № 3.

17. Назайкин А. Н. Рекламная служба в газете. М., 1996.

18. Оразымбетова З.Қ. Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң қәлиплесиўи (1924-1940 жж. материаллары тийкарында) АКД. 2006.

19. Өзбекстан республикасының «Реклама ҳаққында»ғы Нызамы. 1999 ж.

20. Реформатский А.А. Введение языкознание. М., 1960.

21. Раметуллаева Д. Газетада реклама текстиниң стиллик өзгешеликлери. Маг.дисс. ҚМУ. 2008.

22. Розенталь Д.Э. Язык и стиль средств массовой информации и пропаганды. МГУ, 1980.

23. Розенталь Д. Язык рекламных текстов.

24. Саъдуллаев Д.С. Язык и стиль средств массовой информации// Учеб. пособие. Ташкент, 2002.

25. Словарь лингвистических терминов. М., 1966.

26. Тиллердиң өз-ара қатнаслары жағдайында ҳәзирги қарақалпақ терминология-сын тәртиплестириў мәселелери бойынша илимий-әмелий конференцияның тезислери. Н.,1992.

27. Тиллердиң өз-ара қатнаслары жағдайында ҳәзирги қарақалпақ терминологиясын тәртиплестириў мәселелери бойынша илимий-әмелий конференцияның тезислери. Н.,1992.

28. Ҳәзирги қарақалпақ тили раўажланыўының айырым мәселелери (Илимий мақалалар топламы) Н., 1993 ж.

29. Экономикалық терминлер сөзлиги.

30. «Еркин Қарақалпақстан» газетасының бир қатар санлары.

31. «Қарақалпақстан жаслары» газеталарының бир қатар санлары.

32. Интернет материаллары.